2026 18 19 20 ФокIадэ



Хэхыныгъэхэр 2-нэ нап.

«Махуэку» 3-нэ нап.



Мэкъумэш классым щохъэщIэ 4-нэ нап.



Сабийхэм я гум гуапагъэ иралъхьэ 4-нэ нап.



ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№109 (25.015) • 2026 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 10, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ




# Щапхъэу щIэблэхэм къахуэнэнущ МэшбащIэр

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Адыгэ Республикэм и къалащхьэ Мейкъуапэ щызэхаша, тхакIуэ цIэрыIуэу, жылагъуэ лэжьакIуэ емызэшу щыта, Урысей Федерацэм ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь МэшбащIэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэр иужьрей гъуэгуанэм щытрагъэувэжа фэеплъ пэкIум. Ди республикэм и УнафэщIыр зи пашэ гупым хэтащ КъБР-м ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Тхьэмадэ, УФ-м и Президентым и нэIэм щIэту лажьэ Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ Советым хэт Сэхъурокъуэ Хьэутий, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и пашэм и къуэдзэ Сыжажэ Алим сымэ.**

Фэеплъ пэкIум къыщыпсэлъащ КIуэкIуэ Казбек. Абы и псалъэм къыхигъэщащ лъэпкъ щэнхабзэр хъумэным МэшбащIэ Исхьэкъ хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищIар, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я деж абы пщIэшхуэ къызэрыщилэжьар.

- Исхьэкъ Шумахуэ и къуэр Хэкум и къуэ пэжу дунейм тетащ. УФ-м и Президент Путин Владимир къыхуигъэфэща къэрал дамыгъэ лъапIэри и щыхьэтщ абы, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - Апхуэдэу хэкупсэу зи гъащIэр зыхьа а цIыху щэджащэр зыщыщ адыгэ лъэпкъми и къуэ пэжт. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм МэшбащIэм щIыхь хуащIу дапщэщи къекIуэкIащ. Ди республикэр щытыкIэ къызэрымыкIуэ щихуа лъэхъэнэми Исхьэкъ и псалъэ Iущым куэд щIэдэIуащ, пщIэ хуащIу. ХэкулIым и фэеплъыр игъащIэкIи ди гум щытхъумэнущ. Апхуэдэуи укъызыхэкIа лъэпкъыр, ущалъхуа щIыналъэр, Хэкур фIыуэ лъагъун, лъэпкъ щэнхабзэр хъумэн зэрыхуейм и щапхъэу щIэблэхэм къахуэнэнущ МэшбащIэм и гъащIэмрэ и IуэхущIафэхэмрэ.

КIуэкIуэ Казбек игуми и псэми къабгъэдэкIыу яхуэгузэващ дунейм ехыжам и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ, МэшбащIэм и лIэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкIэ хэщIыныгъэшхуэу зэрыщытыр къыхигъэщу.



Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 97-м иту дунейм ехыжащ адыгэ усакIуэ, тхакIуэ икIи зэдзэкIакIуэ, къэралым бзэм ирилажьэу исхэм я нэхъ Iэзэ дыдэхэм хабжэу щыта, Урысей Федерацэм ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь **МэшбащIэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэр**.

Исхьэкъ Шумахуэ и къуэр 1930 гъэм накъыгъэм и 28-м къыщалъхуащ Кавказ Ищхъэрэ крайм (иджы Краснодар край) хыхьэ Уарп жылэм. Адыгейм егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру щыIэ еджапIэр 1951 гъэм, Горький М. и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтыр 1956 гъэм къиухащ. И япэ усэ тхылъыр адыгэбзэкIэ 1953 гъэм къыдигъэкIауэ щытащ абы. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэми МэшбащIэм и къалэмыпэм къыщIэкIащ къэралми дунейм и щIыпIэ куэдми щыпсэу щIэджыкIакIуэхэм зэлъащIыса тхыгъэ купщIафIэ пщIы бжыгъэхэр, адыгэхэми Кавказым ис нэгъуэщI лъэпкъхэми я псэукIэм цIыхухэр щыгъуазэ ищIу.

Литературэм и лэжьакIуэ пашэхэм я сатырым хэувэн зэрыхузэфIэкIам и закъуэкъым абы и ехъулIэныгъэхэр здынэсыр, атIэ адыгэхэм я бзэщIэныгъэм епха щэнхабзэр къигъэщIэрэщIэжыфащ, ар игъэбеящ нэгъуэщI лъэпкъхэм, псом япэрауи урыс классикэ литературэм, я лъабжьэ гупсысэ узэщIахэмкIэ. ЦIыхум, къыщалъхуа щIыналъэм, къэралым яхуиIэ лъагъуныгъэр зи гъуазэ абы и Iэдакъэщ IэкI дэтхэнэри псыхьащ псэкупсэ-щэнгъасэ купщIэ къызэрымыкIуэкIэ, абыхэм гуапагъэмрэ гумащIагъэмрэ укъыхураджэ, пэжыр, захуагъэр сыт щыгъуи ем зэрытекIуэр цIыхухэм хьэкъ щащIыф.

Адыгэм и бын щыпкъэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм хэлъащ и лъэпкъэгъухэм я хьэл-щэн нэхъыфIхэр. Абы къыдэкIуэуи пщIэшхуэ яхуищIу щытащ нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIахэми. ТхакIуэшхуэм и IэдакъэщIэкI псоми къыхощ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ я лъапIагъыр.

МэшбащIэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэр жыджэру хэтащ жылагъуэ гъащIэми. Ар СССР-м и цIыхубэ депутату хахащ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм, Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм хэтащ, Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIхэм ящыщ зыуи щытащ.

Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм и лэжьыгъэфIым къэралым гулъытэшхуэ къыхуищIащ. Абы къыхуагъэфэщащ «Урысей Федерацэм ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь» цIэр, дыщэ медалри щIыгъуу, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и I, III, IV нагъыщэхэр, «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» орденыр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр, РСФСР-м Горький М. и цIэр зезыхьэ и Къэрал саугъэтыр, къыфIащащ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я цIыхубэ тхакIуэ цIэ лъапIэхэр.

Адыгэ лъэпкъым и къуэ щэджащэ, тхакIуэ зэчиифIэ, литературэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэ, цIыху щыпкъэ икIи хэкупсэ нэс МэшбащIэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм и фэеплъ нэхур сыт щыгъуи ди гум илъынщ.

**КIуэкIуэ К.В., Егоровэ Т.Б., Мусуков А.ТI., Васильченкэ Д.А., Къуэдзокъуэ М.М., Алътуд Ю.Къ., Ащхъуэт А.М., Бейтуганов И.Р., Быкъыш Р.Хь., Беппаев М.А., Берд Хь.А., Быф А.Ж., Гекkиев З.Д., Говоров С.А., Губин Г.С., Дзэмыхь Къ.ФI., Жанатаев С.А., Залиханов М.Ч., Зумакулов Б.М., Къанокъуэ А.Б., Къардэн М.Н., Къуэшрокъуэ З.Къ., КIуэкIуэ Ю.А., Къумахуэ М.Л., Нэхущ З.А., Опрышкэ О.Л., Пэнагуэ М.А., Пащты Б.С., Рахаев А.И., Родинэ В.С., Созаев А.С., Сэхъурокъуэ Хь.Хь., Тату К. Б., Тхьэгъэзит Ю.М., Ульбашев М.М., Федченкэ Л.М., Хьэщхъуэжь А.Б., ХьэIупэ Дж.Къу., ХьэфIыцIэ М.М., Хъубий М.Б., Шыхъуэстэн Б.К., Щхьэгъэпсо З.Л., Щхьэгуэш А.Л.**

# Анэдэлъхубзэращ лъэпкъыр щызыгъэIэр

**Нэхъыжьхэм Iэджэ гъэсэпэтхыдэ гъэщIэгъуэни къащIэнащ, мы гъащIэм и къэхъукъащIэхэмрэ щыIэныгъэм и щэхухэмрэ кууэ урагъэгупсысу. Апхуэдэ зы Iуэтэж хьэлэмэт IуэрыIуатэм къыхэнащ, бзэм и лъапIэныгъэр зыхуэдэр къыуигъэлъыхъуэу.**

ЗЭРАIУЭТЭЖЫМКIЭ, Тхьэм щIылъэр къигъэщIа нэужь, уафэщIхэм къикIри абы къэкIуащ, зыщиплъыхьыну, и къэгъэщIыгъэр зыхуэдэр討игъэщIэну. ЩIыгум къызэрытеувэуи, илъагъум и гур хигъэхъуащ, и Iэдакъэ къыщIэкIам щыгуфIыкIыжащ. Тхьэр зэрыхьа губгъуэшхуэм и пэри и кIэри умылъагъуу гъунэншэт. Жьыбгъэ тIэкIу къыкъуэумэ, ныджэм къыIуилъасэ хы толъкъуным хуэдэу уафэфу кърихьэкI ху хьэсэхэм уахэплъэныр къызэрымыкIуэу гухэхъуэт. Тхьэр ирикIукI-нрикIукIыу зытIэкIурэ хьэсэм хэта нэужь, къыщIигъалъэри щхьэмыж зыбжанэм ярылъ ху хьэдзэхэр и Iэгум иригъэщэщащ. Зы Iэгум илъыр адрейм иригъэщащэурэ, щIэщыр хэлъэлъа нэужь, фIыцIафэ къызыщIыхьэу хуежьа хьэдзэхэр япэщIыкIэ къыхищыпыкIри, лъэныкъуэкIэ ипхъащ. АтIэ, Тхьэр зэIусэм псэ къыхокIэ, жаIэ. А лъэныкъуэкIэ ипхъа гуэдзхэм хьэбашэхэмрэ мысырхэмрэ къызытекIа цIыхухэр къищIыкIащ. Iэгум къина ху хьэдзэхэм иджыри зэ яхэплъэщ, гъуэжьыфэ къызыщIыхьэхэр къахищыпыкIри, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ ипхъащ. Абыхэм чынтхэр къызытекIыжа цIыхухэр къищIыкIащ. Тхьэм и Iэгум къинэжа гуэдз хьэдзэхэр уеплъынкIэ къабзэт, хужь дахэти, ипхъыну игу пыкIакъым. Ахэр и кIэкъуащIэм ирикIутэри, щIыгур къиплъыхьын зэриухыу, уэгум ихьэжащ.

Уэгум здитым Тхьэм и кIэкъуащIэм зы хьэдзэ цIыкIу къиижри къехуэхыжащ. Ар къыщехуэхыжым, сабэм хэлъуи къримыхьэкIарэ, жьыбгъэми зэримыхьарэ, уэшхми имыгъэуцIынарэ, дэнэкIэ ихьами, макъ гъэщIэгъуэнхэр къыпыIукIыу зытIэкIурэ уэгум итащ. ИужькIэ къуршылъэ лъахэм и зы щIы кIапэм техуэри, абы къикIыкIа хущхьэм иужькIэ адыгэбзэр зыIурылъ цIыхухэр къытекIыжащ. Уэгум итыху хьэдзэм къыпыIукIа макъхэр адыгэбзэм лъапсэ хуэхъужащ.

Мыпхуэдэут адыгэбзэм и къежьапIэр нэхъыжьхэм зэралъагъури, щIэблэм и куупIэр ирагъащIэрт, и IэфIыпIэр зыхрагъащIэрт, жыпIэнурэщи, Тхьэм и тыгъэм хуэсакъырт. Лъэпкъыбэ IуэрыIуатэхэм уащыхэплъэкIэ, мы къэтхьа хъыбарым хуэдэ зимыIэ щIагъуэ яхэткъым. Лъэпкъыр мыкIуэдыжу къызэтезынэри, щыIэныгъэм хэлъ и Iыхьэр къыщезыгъэлъыхъуэри и щIэжыр зэтезыIыгъэ, и щэнхабзэм пкъощIэсэ хуэхъу анэдэлъхубзэр къыдогъуэгурыкIуэри аращ. Абы укъыщежьэмэ, анэдэлъхубзэм игъуэт гулъытэр зэи мащIэ хъунукъым, уеблэмэ зезыгъэуж сыт хуэдэ гукъэкIми гъуэгу етын, пэхуэщIэхэр бжыгъэншэу къыхэлъхьэн хуейщ.

Абы и IуэхукIэ хуабжьу мыхьэнэшхуэ иIэщ, жэрдэм щIагъуэуи къэлъытапхъэщ анэдэлъхубзэхэм иджыри зэ къэрал гулъытэ зэрагъуэтар. Фигу къэдгъэкIыжынщи, УФ-м и Президент Путин Владимир 2025 гъэм Iэ зыщIидза Унафэм ипкъ иткIэ, фокIадэм и 8-р Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэм я махуэу ягъэуващ. Мы гъэм а махуэр щIыналъэхэм япэ дыдэу щагъэлъэпIащ, гуфIэгъуэ зэIущIэхэмрэ зэхуэсхэмрэ щрагъэкIуэкIащ. Апхуэдэу Налшык къалэм дэт, Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я творчествэмкIэ уардэунэм пшыхь дахэ щызэхэтащ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я ассамблееимрэ я гъусэу IуэхущIапIэм къызэригъэпэща махуэщIым хэтащ ДАХ-м и унэм и унафэщI Нанэ Лерэ, Налшык къалэм дэт, Вэрокъуэ Владимир и цIэр зезыхьэ Щэнхабзэ фондым и унафэщI Мэкъуауэ Лиуазэ, «Эльбрусоид» къэрэшей-балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и налшык къудамэм и унафэщI Анаев Марат, Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ «Вече» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Литвинов Роман, Iуэхур щекIуэкI уардэунэм и унафэщI КIэрашэ Аксанэ, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу Iуэхум хэтащ КъБР-м щыIэ лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, къэрал къулыкъущIэхэр, адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмкIэ егъэджакIуэхэр, абыхэм я гъэсэнхэр.

ГуфIэгъуэ зэIущIэр къызэIузыха КIэрашэ Аксанэ къыхигъэщащ лъэпкъыбзэхэм яхуэгъэза сыт хуэдэ жэрдэммии пщIэ хуэщIын, къыдэкIуэтей щIэблэм анэбзэр ящIэным хуэунэтIа сыт хуэдэ гукъэкIри дэIыгъын зэрыхуейр.

- Щхьэусыгъуэ дахэкIэ дызэхыхьащ - УФ-м щыпсэу лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэр догъэлъапIэ. ЗэрыфщIэщи, ди лъахэм бзэкIи щэнхабзэкIи зэмыщхьу лъэпкъ куэд щопсэу, ахэр псори зы унагъуэм хуэдэу щIыналъэм щызэдогъуэгурыкIуэ, гуауэр зэдагуэшу, гуфIэгъуэр зэдаIэту. Псоми езым я тхыдэ яIэжщ, я къекIуэкIыкIар гъэщIэгъуэнщ. Апхуэдэу щыт пэтми, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я нэхъыбэр бзищкIэ мэпсалъэ - адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ. Ар къэтлъытэри, гукъыдэж тщIыуэ къызэдгъэпэща Iуэхугъуэм «Анэдэлъхубзищ - зы Хэку» фIэтщащ. Зы хэгъэгу ущисым дежкIэ, Iыхьэгъу узэхуохъу, узэрощIэ. Адыгэхэри, балъкъэрхэри, урысхэри гъунэгъугъэкIэ зэрызэпхам къищынэмыщIауэ, щэнхабзэкIэ зэлъоIэс, благъагъэкIэ зэрыубыду къахэкIри мащIэкъым. А щытыкIэм дызэхуэсакъын, зым и дунейм адрейр жьауэ хуэхъун хуейуэ щытыкIэ дрегъэувэ. КъыдэкIуэтей щIэблэм лъэныкъуэ куэдкIэ зегъэужьын хуейщ. А зыужьыныгъэм щыщщ анэдэлъхубзэр ищIэныр, сыту жыпIэмэ абы къежьапIэ хуэхъу лъэпкъращ ар зыIэтынури, аращ ар зэкIуэлIэжынури. Лъабжьэм узэриIэт хуэдизщ щхьэкIэм зэрызиубгъунури, зыми къызыхэкIар щыгъупщэ хъунукъым, анэдэлъхубзэри Iэщ1ыб ищIынкIэ Iэмал иIэкъым, - жиIащ КIэрашэ Аксанэ.


*(КIэухыр 3-нэ нап.)*.




## ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

**«Адыгэ псалъэм» иджы унэм фыщIэсуи Iэ тевдзэ хъунущ. Абы папщIэ фи телефонкэм я камерэр мы QR-кодым тевгъапсэу абы къыфхуигъэлъагъуэ ссылкэм фрикIуэн хуейуэ аращ.**

# КъыпэкIуащ и къарумрэ зэфIэкIымрэ зэремыблэжым

УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, Мэкъумэш IэнатIэм къыщалэжьхэм я фIагъыр къэпщытэнымкIэ федеральнэ центру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщI Сэхъурокъуэ Хьэутий Хьэзрит и къуэм къыхуагъэфэщащ Невский Александр и орденыр. Ар къыпэкIуащ илъэс бжыгъэ куэд лъандэрэ и къару емыблэжу, ехъулIэныгъэхэр иIэу и къулыкъум зэрыпэрытым, жылагъуэ-политикэ, къэрал Iуэхухэр зэрызэфIихым. Сэхъурокъуэм и щIыбагъ къыдэлъщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зыужьыныгъэ гъуэгуанэм нэхъ хьэлъэ дыдэу хэта пIалъэхэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэ купщIафIэхэр. Илъэс куэд лъандэрэ Хьэутий зыпэрыт жылагъуэ лэжьыгъэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ адыгэхэр зэкъуэгъэувэным, тхыдэр хъумэным, ди лъэпкъым и щэнхабзэмрэ бзэмрэ, хабзэм зегъэужьыным, Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным.

И зэфIэкIым, къалэн нэхъ гугъу дыдэхэм я хэкIыпIэхэр къызэрагъуэтыфым, тегушхуауэ сыт хуэдэ Iуэхури зэрызэфIихым Сэхъурокъуэ Хьэутий и пщIэр къеIэт.

Ди нэхъыжьыфIым дохъуэхъу щIыхь лъагэ къызэрыхуащIамкIэ. ДяпэкIи и пщIэр хэхъуэу, и мурадхэр къехъулIэу, зыпэрыт Iуэхум зэрыхуэпэжым ехъулIэныгъэщIэхэр къыхуихьу куэдрэ ди япэ Тхьэм иригъэт!





## Ди къуэш республикэхэм

### Пшынэхэр щыбзэрабзэу



КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Архъыз курортым фокIадэм и 12-м щекIуэкIынущ «Iуащхьэмахуэ лъапэ пшынэр щобзэрабзэ» урысейпсо фестиваль-зэпеуэр**.

Зэхьэзэхуэм хэтхэм абы я зэфIэкIыр щагъэлъэгъуэнущ, иужькIэ гала-концерти ятынущ. Утыку къихьэнущ лъэпкъ пшынэхэр зыгъэбзэрабзэхэр, цIыхуитI-цIыхуищ зыхэт гупхэу къэралым и щIыналъэ куэдым къикIахэр.

Iуэхур ирегъэкIуэкI УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, ЦIыхубэ творчествэмкIэ къэрал урысей унэр, Поленов В.Д. и цIэр зезыхьэр, я щIэгъэкъуэну. Абыхэм ящIыгъущ КъШР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, Къэрэшей-Шэрджэсым цIыхубэ щэнхабзэмкIэ и центрыр, Архъыз зыгъэпсэхупIэр.

### Сэхураныр Iуахыж



АДЫГЕЙ. **Куэшхьэблэ районым сэхураныр Iухыжын щыщIадзащ. Мэкъумэшым елэжьхэм къапэщытщ ар гектар 9200-м щызэщIэкъуэжыныр**.

РАЙОН администрацэм къызэритамкIэ, нобэкIэ сэхураныр щыIуахыжащ гектар 364-м. Ику иту зы къэс къытрахащ центнер 19,2-рэ. Хозяйствэхэм къыщагъэсэбэп абы папщIэ зыхуеину техникэхэр, лэжьыгъэхэри и чэзум ирагъэкIуэкI. МэкъумэшыщIэхэр йогугъу хэщIыныгъэ ямыIэу ар гъущапIэхэм щIагъэзэгъэным.

**УЭРДОКЪУЭ Женя**.

# Нэхъ пхъашэ, гукъутэ мэхъу

**Терроризмэм ебэнхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлIэу КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щекIуэкIа «Терроризмэм пэщIэтынымкIэ жылагъуэм иIэ мыхьэнэр» зэIущIэм кърикIуахэмкIэ яубзыхуа резолюцэ**:

«ТЕРРОРИЗМЭМ ебэнхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлIэу къыхыдогъэщ терроризмэр иджырей дунейм къыщыхъу Iуэхугъуэ нэхъ шынагъуэ икIи къэпхутэну нэхъ гугъу къэхъукъащIэхэм зэращыщыр, кIуэ пэтми нэхъ шынагъуэ, нэхъыбэм зэран хуэхъуу зэрызиубгъур. Террористым илэжь щIэпхъаджагъэм цIыху куэд хокIуадэ, куэдым я псэм къытохьэлъэ, уз хах, мылъку, псэкупсэ лъапIэныгъэхэр зыIэщIалъхьэ, къэралхэр зэбий ящI, зауэхэр къагъэхъей, цIыхухэм, лъэпкъхэм я зэхуаку зэныкъуэкъу къыдалъхьэ.

Терроризмэм абы зыкIи емыпха дэтхэнэри хэхуэнкIэ хъунущ. Аращ мы Iуэхугъуэм утепсэлъыхьыныр зэи лей щIэмыхъур. Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ я идеологиер къызэрыгуэкI жылагъуэм и лъапIэныгъэхэр, захуагъэмрэ щIыхьымрэ ятеухуа гурыIуэныгъэхэм я купщIэр зэхъуэкIынырщ. Терроризмэм ущышынэ хъунукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, апхуэдэ шынагъуэм ущыщтэу гъащIэр епхьэкIыну хьэлъэ дыдэщ, абы къыхэкIыу террористхэм я гугъапIэхэр къызэпыбудын, усакъын хуейщ. Дэ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ дрибийщ икIи залымыгъэм пэIэщIэ зытщIыным иужь дитынущ. Ахэр гъэкIуэдыным дрителъхьэщ.

Иджырей терроризмэм зэманым зыдихъуэжурэ нэхъ пхъашэ, залым, гукъутэ мэхъу. Абы къыхэкIыу, псоми ди къару зэхэтлъхьэу дыпэщIэтыпхъэщ! ШыIэныгъэмрэ къэралым ис цIыхухэм я зэкъуэтыныгъэмрэщ абы и зыужьыныгъэм зэран хуэхъуфынур, апхуэдэ Iуэху фIейр къезыхьэжьам пэщIэувэфынур.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми захудогъазэ, псом япэ адэ-анэхэм я деж нэтхьэсыну дыхуейщ я бынхэм я къэкIуэнумкIэ жэуаплыныгъэ ин зэрахьыр къагурыIуэну! ЩIалэгъуалэр къыхудоджэ бзаджащIэхэм зыкърамыгъэгъэсэбэпыну, нэгъуэщIхэм я политикэ, экономикэ мурадхэр зэрызрагъэхъулIэ Iэмэпсымэ яхуэмыхъуну!

Дэ къэрал, жылагъуэ IуэхущIапIэхэр къыхудоджэ дуней псом щызекIуэ динхэмрэ псэкупсэ-щэнгъасэ лъапIэныгъэхэмрэ зи лъабжьэ зэхэтыкIэ къызэрагъэпэщыну».

# Шынагъуэншагъэрщ нэхъыщхьэр

**КъБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIащ гъэ еджэгъуэщIэм сабийхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным щытепсэлъыхьа зэIущIэ**.

ПОЛИЦЭМ и участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ, балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ къудамэм и инспектор нэхъыжь Яковлевэ Галинэ къызэрыхигъэщащи, гъэ еджэгъуэщIэм щIидзэжыным ипэкIэ еджапIэхэм къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIащ. Гулъытэ хэха хуащIащ къызэрымыкIуэ щытыкIэ шынагъуэ къэхъу хъужыкъуэмэ, зытракъузэ кнопкэхэм я тэмэмагъым, видео зэрыкIэлъыплъ Iэмэпсымэхэр зэрылажьэмрэ еджапIэхэм нэгъуэщI цIыхухэр дэмыхьэфын хуэдэу зэрыгъэбыдамрэ.

Бжыгъэр зи лъабжьэ зэпыщIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным и гугъу щищIым, къыхигъэщащ зи щIалэгъуэхэм банк счетхэмрэ картэхэмрэ къызэIуахыу нэгъуэщIым иратыну зыкъыхуагъазэу хабзэншагъэм хашэнкIэ зэрыхъунур икIи апхуэдэу ящIэмэ, уголовнэ жэуапым зэрырашэлIэнур. ГъэпцIакIуэхэм социальнэ инженерие Iэмалхэр къагъэсэбэп ахъшэкIэ къагъэгугъэу, апхуэдэуи къыхуагъэлъэгъуэнкIэ хъунущ экстремизм, терроризм хабзэншагъэхэм хэтыну.

- Адэ-анэхэр Iэмал имыIэу набдзэгубдзаплъэу щытын, я сабийхэм я дуней еплъыкIэмрэ ящIэмрэ гулъытэ хуащIын хуейщ. Къапщтэмэ, балигъ мыхъуахэр апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэм зэрыхашар къэзыгъэлъагъуэщ абыхэм ахъшэшхуэ яIыгъыныр, щыгъыныщIэхэмрэ гаджетхэмрэ къащэхуныр. Сабийхэм я цIэкIэ банк счетхэр щыIэмэ, налог зытым и кабинет щхьэхуэмкIэ къапщытэн хуейщ, - жиIащ Яковлевэ Галинэ.

Балигъ мыхъуахэм я гъащIэмрэ узыншагъэмрэ хъумэным теухуа псалъэмакъым къыпищэу, КъБР-м щыIэ МВД-м и къэрал автоинспекцэм и управленэм и унафэщI Бэджыдэ Юрэ къытеувыIащ гъуэгум щытеткIэ сабийхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным.

Абы къызэрыхигъэщащи, сабийхэм яхуэсакъын, шынагъуэншагъэм и хабзэхэр егъэщIэн хуейщ, - а псори балигъхэм я къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Псом япэуи - адэ-анэхэм.

Мази 8-м къриубыдэу республикэм гъуэгу-транспорт къэхъукъащIэу 26-рэ щатхащ балигъ мыхъуахэр хэту, абыхэм зы сабий хэкIуэдащ, 28-м фэбжь зэхуэмыдэхэр ягъуэтащ. Сабийхэр хэту къэхъуа псоми я процент 34,6-м лъэсырызекIуэхэм щажьэхэуауэ аращ, апхуэдэ ДТП-м зы щыхэкIуэдащ.

Бэджыдэ Юрэ щхьэхуэу къыхигъэщащ лъэсырызекIуэ сабийхэм я шынагъуэншагъэм и Iуэхур. Иджыпсту сабийхэр школым кIуэжащи, дэтхэнэри набдзэгубдзаплъэу щытын хуейщ.

- Сабийм Iэмал имыIэу дэIэпыкъупхъэщ транспорт щызекIуэ гъуэгум щысакъын зэрыхуейм, а Iуэхум ехьэлIа хабзэхэм егъэсэнымкIэ. Адэ-анэхэм чэнджэщ ядот сабийхэр ящIыгъуу «унэ - школ - унэ» лъагъуэм, зыкIэлъыплъ зэпрыкIыпIэхэр зиIэ, нэхъ шынагъуэншэ гъуэгур къыхахыу ирикIуэну, - жиIащ къэрал инспектор нэхъыщхьэм.

Гулъытэншэу къэнакъым автомобилым ис сабийхэр хъумэным ехьэлIари. Къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм ятхащ сабийхэр къызэрырашэкIын хуей хабзэр къызэрызэпаудам ехьэлIауэ мини 4-м нэблагъэ, гъуэгу-транспорт къэхъукъащIэхэм я процент 50-м щIигъум сабийхэм лей щатехьащ, транспортым исуу. Нэхъыбэм сабийхэр къэрашэкIащ езы адэ-анэхэм, е ДТП-р къыщыхъуам ахэр машинэм исащ я сабийхэр ящIыгъуу. АрщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, сабийм и узыншагъэр яхъумэн папщIэ я пщэ къыдэхуэ къалэнхэр уэим ящIащ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя**.

# Дунейм щыхъыбархэр

### ЕджэнымкIэ къыкIэроху

**Германием илъэс 15 зи ныбжь и школакIуэхэм математикэмкIэ, еджэнымкIэ, естественнэ щIэныгъэхэмкIэ я зэфIэкIым куэд зэрыкIэрыхуар къигъэлъэгъуащ иджыблагъэ а Iуэхур къыщапщытэм**.

БЖЫГЪЭХЭР мыпхуэдэщ: 2015 гъэм елъытауэ математикэмкIэ къыкIэрыху еджакIуэхэм я бжыгъэм зэуэ процент 17-кIэ хэхъуащ, еджэнымкIэ - процент 15-кIэ, естественнэ щIэныгъэхэмкIэ - проценти 10-кIэ.

ФРГ-м къэпщытэныгъэр щрагъэкIуэкIащ школ 246-м, еджакIуэ 6659-рэ къызэщIиубыдэу.

### Гур зыхуз

**Москва Вахтанговым и цIэр зезыхьэ театр цIэрыIуэм щагъэлъэгъуащ Беслъэн къалэм и курыт школым къыщыхъуа гузэвэгъуэм хэтахэм ягъэува спектаклыр**.

УТЫКУ нэщI кIыфIым итт шэнт зыбжанэрэ телефон будкэрэ. Япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ 2004 гъэм къэхъуа гузэвэгъуэм ухашэ. Лэжьыгъэм хаухуэнащ а махуэм траха видеохэр: школ хорым уэрэд жеIэ, сабийхэм пщэдджыжь пшыхьым зыкъыщагъэлъагъуэ, еджапIэм и кIэлындорхэм ахэр ирокIуэ. Зы медан дэкIмэ, школыр нэщI хъунущ, къутахуэ фIэкIа къыхэмынэжу... Беслъэн къалэм къыщыхъуа гузэвэгъуэр зи нэгу щIэкIахэм къытхуаIуатэ хъыбарщ спектаклыр. Псэууэ къэнахэм игъащIэкIи къэззымыгъэзэжынухэм фэеплъ хуащIащ ар.

Спектаклыр къызэзыгъэпэща Туваевэ Анастасие езыр абы и лIыхъужь къудейуэ аракъым, атIэ Iуэхугъуэм и щыхьэтщ. Дыгъуасэрей сабийхэр иджы балигъ хъужащ, ауэ махуэ шынагъуищым епха гузэвэгъуэм игъащIэкIи я гур ихузу къигъэнащ.

Театр пэшым щIэсащ сабий хэкIуэдахэм я анэхэри, а махуэ шынагъуэм хэкIуэда зауэлIхэм я лэжьэгъухэри, гъэру щытахэм я гъащIэм иужькIэ щIэбэна дохутырхэри.

**ФокIадэм и 10**, *махуэку*

♦**ЦIыхум зиукIыжыныр къэмыгъэхъуным и дунейпсо махуэщ**

♦**Япэ медицинэ хуэIухуэщIэм и дунейпсо махуэщ**

♦**1916 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, тхакIуэ, драматург **ЩоджэнцIыкIу Iэдэм**.

♦**1921 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Хьэбэчыр Умар**.

♦**1930 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бажэнэ Мурат**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **КIэнцIэлий Лиуан**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и юрист **Къунаш Адэлбий**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ СССР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Къанщыкъуей Риммэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 23-рэ, жэщым градус 11 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 11**, *мэрем*

♦**1929 гъэм** къалъхуащ балетмейстер, КъБР-м и цIыхубэ артист, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Дашу Хьэшыр**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ КъБКъУ-м и ректор, техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, РАЕН-м и академик **Альтуд Юрэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 25-рэ, жэщым градус 12 щыхъунущ.

***Къытхэхъуащ***

*Дыгъуасэ* Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 28-рэ. Абыхэм ящыщу 12-р хъыджэбз цIыкIущ, 16-р щIалэщ.

*ФокIадэм* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 213-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 6118-рэ.

*Зыгъэхьэзырар* **БАГЪЭТЫР Луизэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Бгъэплъыщэмэ, мывэри зэгуоуд.**







## Лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ хэхыныгъэм епхахэм хабзэм къемызэгъыу къыщыбгъэщхьэпэ зэрымыхъунум теухуауэ зыщыгъуэзапхъэ

**I. Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр**

1. Хэхыныгъэм епха Iуэхугъуэхэр – ар къэралым унафэ щызезыхьэну органхэмрэ щIыпIэ самоуправленэхэмрэ хагъэхьэнухэр къыщыхах дауэдапщэхэр щагъэхьэзыр, щрагъэкIуэкI, и кIэухыр къыщызэщIаубыдэж, хабзэкIэ убзыхуа лэжьыгъэщ.

2. Хэхыгъуэ пIалъэр хэхыныгъэхэр гъэхьэзырынымрэ егъэкIуэкIынымрэ епха лэжьыгъэщ, ар зи пщэ дэлъ къулыкъущIэм, къэрал органым е щIыпIэ самоуправленэм и органым и унафэр официальнэу къыщыдигъэкIа махуэм щегъэжьауэ, хэхыныгъэхэр къызэзыгъэпэщ хэхакIуэ комиссэм абы текIуэда мылъкур зэригъэкIуэда щIыкIэр хэIущIыIу щищI махуэм пщIондэ екIуэкIыу.

3. Хэхыныгъэ къыхуеджэныгъэр (агитацэ) хэхыгъуэ пIалъэм къриубыдэу ирагъэкIуэкI лэжьыгъэщ, къагъэлъэгъуа цIыху щхьэхуэр, гупыр, цIыху гупыр хахыным е хамыхыным хэхакIуэхэр къыхуриджэу.

4. Къыхуезыджэ (агитацэ) материалхэм хеубыдэ зэрыбкIэ къэщыпа, уедэIуэным е нэгъуэщI IэмалкIэ къыбгурыIуэным хуэщIа материалхэр, зыгуэр хэпхыным укъыхуезыджэ мыхьэнэ иIэу, хэхыгъуэ пIалъэм зэбграгъэкIыным хуагъэхьэзырауэ.

5. Мы зыщыгъуэзапхъэм къыхэхуэ нэгъуэщI фIэщыгъэхэм я мыхьэнэр зекIуэ хабзэм зэриубзыхуам тету къэгъэсэбэпыпхъэщ.

**II. Лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ ятеухуауэ хэхыныгъэм къыщемызэгъынухэр**

6. Урысей къэралым цIыхуми гражданинми зэхуэдэ хуитыныгъэрэ хьэкъырэ ирет, и фэм, и лъэпкъым, и бзэм, къызыхэкIам, диным зэрыхущытым, къинэмыщIхэм емылъытауэ.

Урысей Федерацэм и граждониныр хуитщ хихынуи зыхригъэхынуи, и фэм, лъэпкъым, бзэм, къызыхэкIам, диным зэрыхущытым, къинэмыщIхэм емылъытауэ.

7. Урысей Федерацэм и гражданиным зыхригъэхыну хуиткъым, 2022 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къыдэкIа, №114-ФЗ «Экстремизмэм пэщIэтынымкIэ» хабзэмрэ 2006 гъэм гъатхэпэм и 6-м къыдэкIа «Терроризмэм пэщIэтынымкIэ» №35-ФЗ хабзэмрэ япкъ иткIэ, судым и унафэкIэ ягъэкIуэдыжыпхъэу, е и лэжьыгъэр къызэпаудыпхъэу ягъэува жылагъуэ, дин, е нэгъуэщI зэгухьэныгъэм епхамэ.

8. Урысейм ущыхуиткъым фэкIэ, лъэпкъкIэ, динкIэ, социальнэ щытыкIэкIэ цIыхухэм я зэхуаку къаугъэ къыщызыгъэхъей зэгухьэныгъэхэр къыщызэбгъэпэщыну, хэхыныгъэм епхахэри хиубыдэу.

9. Зыхрагъэхыну зыкъэзыгъэлъагъуэ кандидатхэм е хэхыныгъэм епха зэгухьэныгъэхэм я программэхэми (Интернетым щызэбграгъэкIахэри яхэту), езыхэм е абыхэм я лIыкIуэхэм я къэпсэлъэныгъэхэми, СМИ-хэм къытехуа материалхэми экстремизмэм епха Iуэхугъуэ хэт хъунукъым.

9.1. Экстремизмэм хохьэ:

Фэр, лъэпкъыр, диныр, социальнэ щытыкIэр къэбгъэсэбэпу, цIыхухэр зэпэщIэбгъэувэныр;

ЦIыхум и фэм, и лъэпкъым, и диным, и бзэм, социальнэ щытыкIэм, е диным зэрыхущытым къыхэкIыу, ар адрейхэм нэхърэ нэхъ лъагэу е нэхъыкIэу зэрыщытым къыхуебджэныр;

ЦIыхум и фэм, и лъэпкъым, диным, бзэм, е диным зэрыхущытыр тегъэщIапIэ пщIыуэ, абы и хуитыныгъэм, хьэкъым, хабзэкIэ къылъысым уебгъэрыкIуэныр;

10. Хэхыгъуэ пIалъэм къриубыдэу къыхуебджэ хъунукъым:

Социальнэ зэхуэмыдэныгъэм, фэм, лъэпкъым, диным епха зэпэщIэтыныгъэм;

ЦIыхур къызыхэкIа лъэпкъыр зыгъэпуд Iуэхугъуэхэм;

КъызыхэкIа лъэпкъым, зэрихьэ диным, бзэм, социальнэ щытыкIэм елъытауэ зыр псоми ефIэкIыу, е адрейхэм нэхърэ нэхъыкIэу зыгъэув Iуэхугъуэхэм;

11. Дин зэгухьэныгъэхэмрэ абыхэм къызэIуаха IуэхущIапIэхэмрэ хуиткъым:

Хэхыныгъэм епха къыхуеджэныгъэ ирагъэкIуэкIыну;

Агитацэм епха материал къыдагъэкIыну;

Зыхрагъэхыну зыкъэзыгъэлъэгъуа кандидатхэм е абыхэм къызэрагъэпэща зэгухьэныгъэхэм я фондхэм псапащIэ ахъшэ хухагъэкIыну;

12. Дин зэгухьэныгъэхэм я дауэдапщэхэр щрагъэкIуэкIкIэ, хуиткъым:

Хэхыныгъэм епха агитацэ ирагъэкIуэкIыну;

Агитацэм епха сыт хуэдэ материали къыдагъэкIыну;

**III. Хэхыныгъэм епха Iуэхугъуэхэм лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ хабзэм къемызэгъыу къыщымыгъэсэбэпынымкIэ жэуаплыныгъэ зыхьэхэр**

13. Лъэпкъ, дин IуэхукIэ зэбииныгъэ къэзыгъэхъейм административнэ, уголовнэ тезыр къытохуэ.

13.1. Урысей Федерацэм и КодексымкIэ, административнэ щIэпхъаджагъэ зылэжьам административнэ тезыр тралъхьапхъэщ (граждан щхьэхуэхэм сом мини 10-м щегъэжьауэ мин 20-м нэс, юридическэ нэрыбгэхэм сом мин 250-м щегъэжьауэ мин 500-м нэс), сыхьэти I00-м къриубыдэ тезыр лэжьыгъэ, е жэщмахуэ 15-кIэ ягъэтIысыныр.

13.2. Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым зи цIэ къраIуа Iуэхугъуэхэм щIэпхъаджагъэ хэлъу къилъытэмэ, жэуаплыныгъэ зэхуэмыдэхэр тезыру трилъхьэнущ, сом мин 300-м щегъэжьауэ мин 600-м нэс мылъку тезыру, илъэси 5-м нэс тезыр лэжьыгъэ, илъэси 6-кIэ ягъэтIысыныр.

14. Лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ хабзэм къемызэгъыу къэзыгъэсэбэп кандидатыр судым и унафэкIэ хэхыныгъэм хагъэкIыжынкIэ е хэхыныгъэ спискэм хатхъыкIыжынкIэ хъунущ.

15. Лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ хабзэм къемызэгъыу къагъэсэбэпауэ къалъытэмэ, судым хэхыныгъэм къигъэлъэгъуар къабыл имыщIыну хуитщ.

**IV. Лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ хабзэм къемызэгъыу къызэрагъэсэбэпа щапхъэхэр**

16. Лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ хэхыныгъэм хабзэм къемызэгъыу къыщагъэсэбэпауэ къыщалъытэнкIи хъунущ:

Хахыну къагъэлъэгъуа кандидатым ар къызыхэкIа лъэпкъым е диным елъытауэ Iэ хуаIэтыну къыхураджэмэ;

ХэхакIуэхэр къызыхэкIам е зэрахьэ диным елъытауэ, хэхыныгъэм хэмытыну къыхуеджэныр;

Хэхыныгъэм хэтхэр къызыхэкIа лъэпкъым е абыхэм зэрахьэ диным теухуауэ хъыбар нэпцI зэбгрытыкIыныр;

ХэхакIуэхэр хагъэзыхьын мурадкIэ лъэпкъ, дин зэпэщIэтыныгъэ къэгъэхъеиныр е апхуэдэ щыIэу къафIэгъэщIыныр;

Хахыну зыкъэзыгъэлъагъуэхэр гъэпудын е япэ игъэщын мурадкIэ лъэпкъ, дин зэпэщIэтыныгъэ къэзыгъэхъу материалхэр зэбгрыгъэкIыныр;

Урысей Федерацэм щекIуэкI хэхыныгъэм епха Iуэхугъуэхэр дин, лъэпкъ зэпэщIэтыныгъэкIэ къызэпыудын мурадкIэ къызэрагъэпэща нэгъуэщI Iуэхугъуэ псори.

**Лъэпкъ IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм (ФАДН) зэхилъхьа памяткэм ипкъ иткIэ**.

## Дынэхъыбэху нэхъыфIщ!

Дэ дызителъхьэр лъэпкъ демографие политикэм бынунагъуэшхуэр гъэгушхуэным тещIыхьа Iуэхухэр иригъэкIуэкIкIэрэ цIыхухэм я бжыгъэм езыр-езыру хэгъэхъуэнырщ. Нэхъыбэ дыхъуху нэхъыфIщ!

ДыхущIокъу сабийуэ къалъхум я бжыгъэм хэхъуэн папщIэ, япэ игъэщыпхъэ экономикэ Iуэхухэр икIэщIыпIэкIэ къыхэлъхьэным, абы хохьэ анэ мылъкур нэхъыбэ щIыныр, зы сабий зиIэхэр мыхъуу, бынунагъуэшхуэхэр нэхъ дэIыгъыныр; сабийуэ къалъхур щымащIэ щIыналъэхэм анэ мылъкум хухах ахъшэм щыхэгъэхъуэныр; сабий зэрыс унагъуэхэм папщIэ мазэ къэс ятыпхъэ ахъшэ гъэувыныр; сабий зиIэ унагъуэхэм ипотекэ кредитхэр проценти 2-м щIимыгъуу ирату зэтеублэныр; псэупIэр егъэфIэкIуэнымкIэ субсидиехэм я тыкIэм зегъэубгъуныр; мылажьэ, сабий зыпI адэ-анэм папщIэ «улахуэ» гъэувыныр къыхэлъхьэныр; илъэси 3 иримыкъуа сабийм щыкIэлъыплъ лъэхъэнэр лэжьыгъэ стажым хэгъэхьэныр; цIыкIур илъэси 3 хъуху зэригъасэм папщIэ ар анэм и лэжьыгъэ стажым хабжэныр.

Зэщхьэгъусэхэм сабий зрамыгъэгъуэтыфмэ, а узыфэм еIэзэныр пщIэншэу къэралым къызэригъэпэщыпхъэщ. Сабий псоми Iэмал яIэн хуейщ гъэсапIэхэм кIуэну, апхуэдэ ямыIэмэ, унагъуэм ахъшэ иратын хуейщ щIыналъэм сабий зыгъэбэяум къыщихь улахуэм хуэдиз хъууэ. Дэтхэнэ сабийми Iэмал иIэн хуейщ узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагерым илъэс къэс кIуэну.

Партым Къэрал Думэм щиIэ фракцэм къыхилъхьэнущ зи ныбжьыр илъэсибл иримыкъуа сабий зиIэ бзылъхугъэхэм лэжьэгъуэ махуэм и кIыхьагъыр сыхьэти 6-м щIимыгъуу (тхьэмахуэм сыхьэт 30-м щIимыгъуу) гъэувыным теухуа закон, сабиищ е нэхъыбэ зиIэ унагъуэхэм щIы Iыхьэхэр пщIэншэу къаIэрыхьэну яIэ хуитыныгъэр щIэгъэбыдэным теухуа унафэр къащтэну.

Зэгъусэу социальнэ къэрал нэс духуэнущ, дэтхэнэми пщIэ, щIыхь щигъуэту!

## ШэсыпIэщ нэхъыжьхэм я зэфIэкIымрэ Iущагъымрэ

«Социальнэ захуагъэм и телъхьэ Пенсионерхэм я урысей парт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщызэрагъэпэщащ 2022 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм.

Дэ, Пенсионерхэм я партыр - ди къэралым дрихэкупсэщ. Ди щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ къэдгъэсэбэпыну дэ дыхьэзырщ, ди къару къызэрихькIэ, урысей экономикэм, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм зегъэужьыным, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, щIэблэщIэр гъэсэным папщIэ сэбэп дыхъуну. Нэхъыщхьэращи, дэ а псоми дазэрыпэлъэщынур дощIэ.

Ди мурадыр - цIыхухэм я гъащIэр псынщIэу икIи нэрылъагъуу егъэфIэкIуэныр, дызыхуэкIуэ илъэсипщIхэм Урысейм дунейпсо утыкум хуэфащэ увыпIэ щегъэгъуэтыныр зэлъыта хэкIыпIэ пыухыкIахэр гъэбелджылынырщ.

Социальнэ Iуэхухэм хуэунэтIа парту дыщытщи, къыхыдолъхьэ цIыхухэм псэукIэ и лъэныкъуэкIэ зэрадэIэпыкъупхъэ Iэмалхэр, ар зыхуэгъэзахэм нэхъри зедгъэубгъукIэрэ.

Пенсионерхэм я партым и къалэн нэхъыщхьэр нэхъыжьхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнырщ, абыхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ. Дэ къыхыдолъхьэ пенсэхэм я инагъымрэ лэжьапщIэ нэхъ мащIэ дыдэмрэ псом япэ хэгъэхъуэн хуейуэ. Хьэкъыу ди фIэщ мэхъу нобэ ар къызэрабж Iэмалыщ Iэхэр къэгупсысын зэрыхуейр, ар зытещIыхьауэ щытыпхъэр бюджет ахъшэр зэгъэзэхуэныркъым, атIэ цIыхур зэпэщу псэун папщIэ зрикъу ахъшэ къыIэрыхьэнырщ.

Пенсионерхэм я партыр и телъхьэщ къэралыр лъэщу, зэпIэзэрыту, хабзэр щылажьэу, къалэнхэр купщIафIэу щагъэзащIэу, социальнэ Iуэхухэр япэ ирагъэщу щытыным.

Дэ дыхущIокъу иджырей урысей жылагъуэр цIыхугъэ, захуагъэ зезыхьэ, зэкъуэт, хэкупсэ зэрытщIыным.

А мурадхэр зэгъэхъулIэныр лIакъуэ псоми я зэхуэдэ къалэнщ!

Нэхъыжьхэм я зэфIэкIымрэ Iущагъымрэ дэтхэнэми и къэкIуэн дахэм и шэсыпIэщ!




# Унагъуэ мин 40-м щIигъум яхуеблэгъакIэщ

Мы илъэсым ди къэралым щекIуэкIыну политикэ Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и IX зэхуэсыгъуэм и депутатхэр зэрыхахынур. Абы зыщыхуагъэхьэзыр Хэкум и дэнэ щIыпIи. Къэбэрдей-Балъкъэрми абы теухуа Iуэху пыухыкIахэр щызэфIагъэкI. Зы махуи дэкIыркъым хэхыныгъэхэм ехьэлIа Iуэхухэр республикэм и ХэхакIуэ комиссэми, абы щIыналъэхэм щиIэ участкэхэми щемыкIуэкIыу.

Къалэн нэхъыщхьэу къэувырщи, хэхыныгъэхэр хабзэм тету, зым и хуитыныгъэри къызэпамыуду ирагъэкIуэкIын хуейщ. Дэтхэнэ зыми Iэмал иIэн хуейщ и Iуэху еплъыкIэр къигъэлъэгъуэну.

Къэрал хабзэм къызэригъэувымкIэ, политикэ парт псоми, абыхэм къабгъэдэкI кандидатхэми зэхуэдэ Iэмалхэр яIэщ зыкъагъэлъэгъуэну, ахэр ятхынымрэ IэIэтым ипэ къихуэу я программэхэм цIыхухэр щыгъуазэ ящIыну, я телъхьэ къащIыну. Абы къыдэкIуэу, я программэхэр хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ хэIущIыIу ящIын, пщIэ щIамыту телевиденэмрэ радиомкIэ къыщыпсэлъэн, я тхыгъэхэр печатым къытрырагъэдзэн папщIэ шэсыпIэхэр къыхузэрагъэпэщ. Хэхыныгъэм теухуа законодательствэм къигъэувхэм зэрытетыр къапщытэ хэхакIуэ комиссэхэм хэтхэмрэ жылагъуэ кIэлъыплъакIуэхэмрэ.

Республикэм и муниципальнэ кампанием ипкъ иткIэ къапэщытщ депутатхэм я мандат 1505-рэ зыхуэфащэхэр къыхахыну. Хэхыныгъэхэр егъэкIуэкIыным къыхузэрагъэпэщащ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэу 13, участковэ хэхакIуэ комиссэу 354-рэ, абыхэм къызэщIаубыдэ комиссэхэм хэт цIыху 2750-рэ.

Псори зэхэту республикэм Iэ щызыIэтынухэм я бжыгъэр мин 553-м ноблагъэ. Абыхэм ящыщу япэу Iэ зыIэтыну ныбжьыщIэхэр миниблым щIегъу.

ЩIыпIэ хэхахэм епха хэхыпIэхэм лэжьыгъэр щызэщIэгъэуIуэным хуэгъэпсащ «Информ УИК» проектыр. Ар сэбэп хъунущ Iэ щаIэтыну махуэхэм ипэ къихуэу цIыхухэм я унагъуэхэм кIуэурэ абы исхэр хэхыныгъэхэм теухуауэ зыщыгъуэзапхъэхэр ягурыгъэIуэнымкIэ. 2026 гъэм Урысейм апхуэдэу цIыхухэм я деж кIуэнущ къэралым и щIыналъэ 87-м я хэхакIуэ комиссэхэм я лIыкIуэу мин 300-м нэблагъэр. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, апхуэдэ Iуэхухэр шыщхьэуIум и 20-м къыщыщIэдзауэ фокIадэм и 15 пщIондэ щекIуэкIынущ.

Налшык къалэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщI Нало Николай зэрыжиIэмкIэ, унэ-унэкIэрэ къэзыкIухьынухэр я пщэрылъхэм щыхурагъаджэ программэр Iыхьэ зыбжанэу зэхэтащ: цIыхухэм зэрепсэлъэну щIыкIэм, хэхакIуэхэр къыщыгъэлъэгъуа спискэхэр къызэрагъэсэбэпынум, здэщыIа унэхэмрэ абыхэм зыщыхуэзахэм, зэпсэлъылIахэм я бжыгъэр къызэрагъэлъагъуэ гуэдзэнхэр къызэрагъэщхьэпэнум, ахэр хэхакIуэ комиссэхэм я лIыкIуэу зэрыщытым щыхьэт техъуэ щыгъынхэмкIэ къызэгъэпэщыным, комиссэхэм я унафэщIхэм занщIэу зыпащIэфу щытыным пыщIа куэд къызэщIаубыдэу.

Мы зэманым хьэгъэщагъэ куэд цIыхухэм зэрыкIэлъызэрахьэр къалъытэри, здэкIуэхэм шэч къыхуамыщIын папщIэ, хэхыныгъэхэм ятеухуа Iуэхухэр гурагъэIуэн мурадкIэ ирагъэжьахэм фащэ хэхахэр хуащIащ – «ЕДГ-2026» дамыгъэр тедзауэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми иIэщ хэхакIуэхэм яхуэгъэза тхыгъэхэр, Iэмал имыIэуи яIыгъын хуейщ езыхэр хэтми къэзыгъэнаIуэ дэфтэрхэр.

Апхуэдэу цIыхухэм зэрепсэлъылIэм и фIыгъэкIэ хэхакIуэхэр щыгъуазэ мэхъу къэблэгъа IэIэтым теухуа куэдым: ахэр щекIуэкIыну пIалъэм, зезыгъэтха партхэмрэ кандидатхэмрэ цIыхухэр къызэрагъэгугъэм, Iэ щаIэт хъуну щIыпIэр дэнэ дежми, хэхыпIэ участкэхэм щекIуалIэ хъуну зэманым.

«Информ УИК» проектым хэтхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ унагъуэ мин 40-м щIигъум яхуеблэгъакIэщ мы зэманым ирихьэлIэу икIи ахэр зэхэщIыкIыгъуэу яхутепсэлъыхьащ хэхыныгъэхэм ятеухуа хабзэхэм, цIыхухэм я дзыхь зрагъэзынухэр езыхэм къыхахыжыну зэрыхуитым.

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутатхэр хэхыным и IуэхукIэ» 2014 гъэм мазаем и 22-м къыдэкIа Федеральнэ закон №20-ФЗ-м ипкъ иткIэ пщIэншэу тыдодзэ.

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

## Куэдым зихъуэжат

**Мы гъэм курыт еджапIэр къэзыуха ныбжьыщIэ мин бжыгъэхэр гугъу ехьащ еджапIэ нэхъыщхьэ щыщIэтIысхьэм. «Балл 290-рэ диIэщ, шэч хэмылъу дыщIэхуэнущ», - жаIэу, ягурэ я щхьэрэ зэтелъу нэхъапэм адэ-анэхэр гушхуами, иджы куэд игъэгузэващ. Сыт предмет къэс балли 100 къэзыхьахэм я Iуэхур щIызэхэзэрыхьар, зыщIыпIи щIэмыхуахэр дэнэ здэкIуэнур?**

МЫБДЕЖ Iуэхугъуэ зыбжанэ щызэпэщIэуващ. Псом япэрауэ, экзаменхэр фIы дыдэу зытахэм я бжыгъэр куэдыщэт - предмет къэс балли 100 къэзыхьахэм я бжыгъэр мини 10-м зэрынэхусат. Абы къикIыркъым сабийхэр зэуэ нэхъ Iущ хъуауэ. АтIэ, ЕГЭ-м зэрызыхуагъэхьэзыр щIыкIэм, нэхъ зытегъэщIапхъэм, онлайн-курсхэр нэхъыфI зэрыхъуам я щыхьэту аращ. Япэм балли 100 къэзыхьар яфIэгъэщIэгъуэнрэ, Урысей псом къащIэн хуэдэу я цIэхэр яIэту щытамэ, иджы ар къызэрыгуэкI Iуэхугъуэ хъуащ. Ауэ щыхъукIэ, еджапIэ нэхъыщхьэм ущIэтIысхьэн папщIэ, балли 100-ри мащIэу къыщIэкIащ.

КъищынэмыщIауэ, еджапIэ нэхъыщхьэхэм пщIэншэу ущIэтIысхьэфын папщIэ, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм япэ увыпIэхэр мызэ-мытIэу къыщыпхьауэ, е льготэ зыхуэфащэхэм уахиубыдэу щытыпхъэщ. Псалъэм папщIэ, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я бынхэр япэ ирагъэщри, балл 280-рэ зиIэм къыгурыIуэркъым еджапIэм щIыщIэмыхуар, е балл нэхъ мащIэ зиIэ нэгъуэщI гуэрхэр япэ щIрагъэщар, хьэмэрэ зэпеуэм япэ увыпIэр къызэрыщихьамкIэ щыхьэт тхылъ зиIэхэр къащтэу езыр къыщIэнар.

Дауи, а щытыкIэр абитуриентым и закъуэ мыхъуу, адэ-анэми йофыкI. Илъэс бжыгъэкIэ репетиторхэм деж ягъэкIуа, унэ къызыщIэкIын ахъшэ зытрагъэкIуэда я сабийр къыпыхуащ!

КъищынэмыщIауэ, языныкъуэ институтхэмрэ университетхэмрэ ущIэтIысхьэн папщIэ ЕГЭ-м къигъэлъэгъуар мащIэу къалъытэри, экзамен лейхэр къыхалъхьащ. И къару псор ЕГЭ-м тезыгъэкIуэда сабийм дежкIэ ар хьэлъэщ икIи зыпэмыплъэххащ. Арати, шэмэджым ириха удзыпцIэм хуэдэу, абитуриентхэр лъэныкъуэ ирагъэзащ. ЕджапIэ унафэщIхэм зэрыжаIэмкIэ, еджэным зи гур хуитхьэщIыкIа, зыми пимыкIуэту зи хъуэпсапIэм хуэпабгъэ ныбжьыщIэхэр къыхэщыпыкIынымкIэ ар IэмалыфI дыдэщ, ауэ унагъуэр хуабжьу зыгъэпIейтей, уи лъэр щIэзыуд Iуэхугъуэщ.

Бюджетым и хьэкъкIэ ирагъэджэнухэм яхэмыхуахэм еджапIэм зэгурыIуэныгъэ иращIылIэу, пщIэкIэ щеджэну нэхъапэм Iэмалыфl щыIами, иджы ари къатеункIыфIащ. 2026 гъэм а лъагъуэр нэшэкъашэ къахуэхъуащ ныбжьыщIэхэмрэ адэ-анэхэмрэ. Егъэджэныгъэмкlэ министерствэм игъэмэщIащ апхуэдэ «тIысыпIэхэри». Дауи, ар унэтIыныгъэ псоми иращIэкIа уаекъым, атIэ, къэралыр зыхуэмыныкъуащэ Iэщlагъэ зыбжанэм щыхуагъэхьэзыр къудамэхэрщ зытеухуар. КъызэрыщIэкIымкIэ, еджэныгъэм ахъшэшхуэ щIэптыну ухьэзырми, мыхьэнэ иIэкъым. КъищынэмыщIауэ, апхуэдиз ныбжьыщIэхэр зэщIэзыгъэхьэн егъэджакIуэ, ахэр зыщIэсын пэш, зэребгъэджэн Iэмал уимыIэмэ, сыт и мыхьэнэ абитуриент бжыгъэншэхэр зэщIэпщыпэкIэ?!

Iуэху зэIумыбз куэд къалъыкъуэкIащ ЕГЭ-м пыщIа гугъуехь псори хуэмышэчыну къалъытэу, 9-нэ классым къыщIэкIа, колледж щIэтIысхьэну тезыухуа щIалэгъуалэми. Апхуэдэхэр куэд зэрыхъуам зыри зыпэмыплъа щытыкIэ кърикIуащ - колледж щIэтIысхьэну хуейхэм я бжыгъэм хэхъуати, зэрыщIэтIысхьэ балл бжыгъэхэр яIэтащ! Иджы колледжым ущIэхуэн папщIэ, 5 защIэкIэ уеджауэ, уи аттестатыр фIы дыдэу щытын хуейщ, адрейхэр «пагъэху», мыбдежми зэпеуэр гуащIэщи.

Я тхылъхэр ятын папщIэ, еджапIэ бжэIупэм мин бжыгъэкIэ ныбжьыщIэхэр щымытын папщIэ, интернеткIэ псори зэбгъэпэщу ящIати, абыи Iуэхур къызэIищIащ. «Зым дыщIэмыхуэмэ, адрейм дыщIэхуэнкъэ», - жаIэурэ, еджапIэ зыбгъупщIым я тхылъхэр щIалъхьэу щIадзэри, школым къыщIэкIахэм я бжыгъэмрэ еджапIэм иIэ «тIысыпIэмрэ» яхузэхуэмыгъэхъуу хэзэрыхьыжащ. ЕджапIэхэм тхылъ мин бжыгъэхэм хэплъэну я пщэ къыдэхуэри, гугъу иригъэхьащ, зэпеуэм хэт цIыху бжыгъэмрэ еджапIэм къищтэфынумрэ яхузэхуэмыгъэхъуу адэ-анэхэр игъэгужьеящ.

КъэпщытакIуэхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, мы щытыкIэр дяпэкIэ нэхъ хьэлъэж хъуну аращ. ЕГЭ-м щышынэу, 9-нэ классым къыщIэкIа ныбжьыщIэ зэчиифIэхэр «къыпымыхун» папщIэ, къапэщIэхуэм щIэтIысхьэмэ, я Iэщlагъэм ирилажьэ щыIэжынукъым дяпэкIэ. Абы къэралым и экономикэр зэтрихункIэ шынагъуэщ. Нэхъ хьэлъэжыращи, щIалэгъуалэр еджэну хуэмейуэ, абы мыхьэнэ хамылъагъуэу къэнэнущ.

Дерсышхуэ хахащ псоми мыгъэрей ЕГЭ-м. КъищынэмыщIауэ, къалэ жыжьэхэм еджапIэ кIуэну мыхъуапсэу, щIыналъэ университетхэмкIэ къеплъэкIын хуейуэ къыщIэкIынущ ди щIалэгъуалэр. ЛэжьапIэ жыпIэми, ар дыдэрщ.



## КIуэдыжыгъуэм и щIэдзапIэ

**Ипщэ тенджызхэм я биологиер зыдж институтым и щIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, псыр хуабэIуэ зэрыхъум, абы щIыдагъэ зэрыхагъэлъадэм, гъущIхэкI, пластик куэд зэрыхадзэм и зэранкIэ, языныкъуэ хы псэущхьэхэм захъуэж.**

КЪЫЗЭРЫЩIЭКIЫМКIЭ, псыр фIей, хуабэ зэрыхъуам къыхэкIыу, хьэмлашкIуэхэм (моллюск) бзы щIагъуэ яхэтыжкъым, гужьеигъуэ зэрыхэхуэм къыхахауэ зэрыщыткIэ хъу мэхъу. Ар дауи, а псэущхьэ лIэужьыгъуэм и бжыгъэм егуэуэнущ, бэгъуэн зэрыщымыIэжым къыхэкIыу. Мы къэхутэныгъэм теухуауэ Урысей ФедерацэмЩIэныгъэхэмкIэ и министерствэм тхыгъэшхуэ игъэхьэзырри, хамэ къэрал къыщыдэкI щIэныгъэ журнал зыбжанэм къытрагъэдзащ.

ЗэрыжаIэмкIэ, зи гугъу тщIы къэхутэныгъэхэр япэ дыдэу ирагъэкIуэкIауэ аращ икIи дунейпсо щIэныгъэлIхэр игъэпIейтеящ урысей биологхэм къатIэщIам. КъызэрыщIэкIымкIэ, псэущхьэхэр къэзыухъуреихь дунейр мывэгъэзэгъыу къалъытэмэ, зэрыкIуэдыжым и закъуэкъым къайфыкIыр, атIэ бзыхэр хъу, е мыхъумыбз мэхъу, мылъхуэн щхьэкIэ.

- Севастополь щIэныгъэлIхэм хы Курытым хэс хьэмлашкIуэхэр яджат нэхъапэм. Абыхэм яхуэдэ дыдэт хы ФIыцIэм хэсхэри. Гъатхэрат ахэр щыбагъуэри, хьэмлашкIуэ лIэужьыгъуитI къыхащыпыкIащ щIэныгъэлIхэм: нэхъ щIалэхэмрэ балигъыIуэхэмрэ. КъыкIэлъыкIуэ мазищым ахэр зыхэс псым и температурэр градус 25-м нэскIэ ягъэхуэбащ, щIыдагъэрэ гъуаплъэрэ хакIащ. АдэкIэ иджыри мазитIкIэ хыпсым хэсу фермэм щаIыгъыу кIэлъыплъащ зэрызахъуэжым, лей къатехьам кърикIуэр яджу. КъызэрыщIэкIамкIэ, ягъэунэхуа хьэмлашкIуэ анэхэм я процент 82 - 85-р хъу е мыхъумыбз хъуащ. ГъэщIэгъуэнракъэ, абыхэм я нэхъыбэр нэхъ щIалэхэращ. Гъуаплъэр абыхэм я дежкIэ нэхъ зэрану къыщIэкIащ псом нэхърэ, абы псэущхьэхэр зэтриукIэпащ. Къыхэгъэщыпхъэщ хьэмлашкIуэхэм зы сыхьэтым е зы махуэм и кIуэцIкIэ зэрызамыхъуэжыр. А Iуэхугъуэм мазэ бжыгъэхэр ехь, - жеIэ РАН-м хы фармакологиемрэ псы щэнхабзэмкIэ и институтым и къудамэм и лэжьакIуэ Попов Марк.

- А зы къэхутэныгъэр тегъэщIапIэ пщIыуэ, хы ФIыцIэм хэс хьэмлашкIуэхэр кIуэдыжыгъуэ иуvауэ хуэбгъэфащэу, гузэвэгъуэ къэпщтэну иджыри пасэщ. Ауэ, урипIейтеину щхьэусыгъуэшхуэщ. Сыту жыпIэмэ, кIуэ пэтми дунейр нэхъ хуабэ къызэрыхъум гъащIэр къэзыгъэщI бзыр егъэгуауэщхьэуэ, егъэгузавэ, къохьэлъэкI, уеблэмэ зрегъэхъуэж. Ар къызыхэкIыр дыкъэзыхъуреихь щIыуэпсыр вэгъэзэгъкъыми, армырми лIэжыну щIэблэ зэрамыгъэпэщын щхьэкIэ, щытыкIэ гуэрым иувэу аращ а псэущхьэхэр. Къапщтэмэ, къэхутэныгъэ щхьэпэщ. АдэкIэ къэтщIэн хуейуэ къытпэщылъщ иджыри зы Iуэхугъуэшхуэ - генетикэмрэ молекулэмрэ къапщтэмэ, дауэ бзыр хъу зэрыхъу щIыкIэр... - къыхигъэщащ РАН-м а и къудамэ дыдэм и лэжьакIуэ, биологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Поспеловэ Наталье.

Мы къэхутэныгъэм иджыри зы Iуэхугъуэ гуэрым нэху тридзащ - «цIыхухэр зэIыхьащ, хъийм икIащ, дуней къутэжыгъуэр къэсагъэнущ» щыжаIэкIэ, абы щхьэусыгъуэ хуэхъуам...



## Е здэщымыIэм фIыи щыIэкъым

**Iэпкълъэпкъым коронавирусым хуиухуа иммунитетым лышхыр иукIыу къахутащ америкэ щIэныгъэлIхэм.**

НЭХЪАПЭМ лышхым езэуэн папщIэ, Iэпкълъэпкъыр «ирагъасэрт» узыфэр къицIыхуу, абы зэрыпэщIэтын Iэмалхэр къэгъэщIыным. Иммунитетым коронавирусыр къызэрищIэрэ Iуэхур куэдкIэ нэхъ тынш хъуащ. Иджы сымаджэм вакцинэ халъхьэри, узыр къезыхьэкI белокыр къихутэу, ар зыукI налъэхэр езы Iэпкълъэпкъым къигъэщIрэ лышхым ебэну ирагъэсащ. Мы Iэмалым щIэныгъэлIхэм «Протекси» фIащIащ.

Дзыгъуэхэм иращIэкIа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, абыкIэ тыншу пхуэгъэхъужынущ щIыфэ, бгъэ лышхыр. Мыгувэу ирагъэкIуэкIынущ саркомэ зиIэ сымаджэхэм ехьэлIа къэхутэныгъэхэри. Университет зыбжанэм я щIэныгъэлIхэр зэхыхьэщ, мы къэпщытэныгъэхэм къагъэлъэгъуам тетхыхьри, журнал зэмылIэужьыгъуэхэм къытрагъэдзащ.

ЗэрыжаIэмкIэ, сымаджэм къехьэлъэкI химиемрэ хущхъуэ гуащIэхэмрэ хуеижынукъым дяпэкIэ. Абы и пIэкIэ иммунитетыр езыр-езыру узыфэм пэщIэту ирагъэсэнущ.



## Анэдэлъхубзэращ лъэпкъыр щызыгъэIэр



(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

АдэкIэ ар тепсэлъыхьащ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий къыхуагъэфэща дамыгъэ лъапIэм, ар абы къыщIратам и щхьэусыгъуэхэм анэдэлъхубзэхэр хъумэным хуэгъэзауэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэри зэращыщыр.

- Ди гуапэу, дригушхуэу къыхэзгъэщынут Невский Александр и цIэр зезыхьэ орден лъапIэр Сэхъурокъуэ Хьэутий къызэрыхуагъэфэщар. Абы и лэжьыгъэр зэрыщыту теухуащ щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэхуакум зэгурыIуэ дэлъыным, мамыру зэдэпсэуным къищынэмыщIауэ, адыгэ дунейм и пащхьэ къиувэ Iуэхугъуэхэри зэблэгъэкIыным, ифI зыхэлъ жэрдэмхэр къыхэлъхьэным, анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ хъумэным. Абы и гуащIэдэкIым хуэфащэн пщIэ зэригъуэтам дунейм и щIыпIэ Iэджэм щыпсэу адыгэхэри Къэбэрдей-Балъкъэрри дегъэлъапIэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ДАХ-м и тхьэмадэр ди зэхуэсым кърихьэлIэфакъым, ар хэтщ АР-м, КъБР-м, КъШР-м, Абхъазым я цIыхубэ тхакIуэ, адыгэ жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ и дыуэщIым. МэшбащIэ Исхьэкъ анэдэлъхубзэм пищI зэрыщымыIар и IэдакъэщIэкIхэм къагъэлъагъуэ. Дэнэ зэIущIи, дэнэ зэхуэси абы Iэмалыншэу къыхигъэщырт анэбзэм япэ игъэщын хуей зэрыщымыIэр, цIыхум и уасэр анэбзэр зэрищIэм зыкъомкIэ зэрелъытар. Ди япэ ища нэхъыжьыфIым зы дакъикъэкIэ дыхуэвгъэщыгъуэну фыкъыхузоджэ, - жиIащ КIэрашэм.

ИужькIэ къыхигъэщащ Iуэхугъуэр адыгэбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи, урысыбзэкIи зэрекIуэкIынур, лъэпкъ щэнхабзэхэр къызытещ теплъэгъуэкIи зэрагъэнщIынур. Абы и щыхьэту утыкум кърашащ Налшык къалэм дэт прогимназие №34-м (унафэщIыр Дол Анжелэщ) и гъэсэн цIыкIухэр. ЗэщыхуэпыкIауэ утыку къихьа ныбжьыщIэхэм ягъэзэщIащ «Си бзэ, си дуней» уэрэдыр.

Псалъэр адэкIэ зрата Нанэ Лерэ къыхигъэщащ гуфIэгъуэ зэIущIэм къызэреблэгъар зэригуапэр, анэдэлъхубзэхэм я махуэр гъэлъэпIэным щIалэгъуалэ хъарзынэ къызэрекIуэлIар.

- Къэралым щыпсэухэр зэрызэгурыIуэри зэпыщIа зэрыхъури урысыбзэрщ, ар псоми дощIэ. Ауэ Урысейр нэгъуэщI къэралхэм емыщхь зыщI нэгъуэщI гъэщIэгъуэнагъ бгъэдэлъщ - мыбдеж щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм къэрал гулъытэ ягъуэт, зэрызаужьын икIи зэрефIэкIуэн Iэмалхэр къахузэрегъэпэщ. Бзэ куэдыр къэралым и хъугъуэфIыгъуэщ, абы хуэсакъын зэрыхуейри хьэкъщ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ адыгэбзэм къыщхьэщыжыныр, абы и пщIэр хъумэныр. Дэ ди лэжьыгъэр щекIуэкIыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэкъым, атIэ гъунэгъу Къэрэшей-Шэрджэсми Адыгейми Iуэху щыдощIэ. Зы лъэпкъ ущыхъукIэ, зым и ехъулIэныгъэм и жьауэр адрейм лъоIэс, зым и Iуэху къыщимыкIыр адрейм зыхещIэ. Арыххэуи, щыпсэу щIыпIэм емылъытауэ, адыгэхэм я бзэмрэ щэнхабзэмрэ я щытыкIэр зэредгъэфIэкIуэным иужь дитщ. Фи адэ-анэхэм, фи нэхъыжьхэм я дежкIэ къикIыу къыфлъэIэса хъугъуэфIыгъуэщ анэдэлъхубзэхэри, фрипсалъэ, зыщывмыгъэгъупщэ, абы къывит гузыхэщIэм хуэдэ нэгъуэщIыбзэм къызэрывимытынур фигу ивмыгъэху. ФыкъызыхэкIа лъэпкъым и бзэкIэ фыпсэлъэху, фыпыщIащи, ар лъапIэ дыдэщ. МахуэщIымкIэ дэтхэнэми гуапэу сынывохъуэхъу, - жиIащ Нанэ Лерэ.

МахуэщIым къарит гукъыдэжым теухуауэ ныбжьыщIэхэми хьэщIэхэми гуапэу къахэпсэлъыхьащ Анаев Марат, Мэкъуауэ Лиуазэ, Литвинов Роман, нэгъуэщIхэри. Псоми зытрагъэщIар нэхъыщхьэ дыдэращ - сыт хуэдиз бзэкIэ упсалъэми, апхуэдиз цIыху узэрырикъум, анэдэлъхубзэри псом япэ итын зэрыхуейм.

ГуфIэгъуэ зэхуэсыр ягъэдэхащ Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я уардэунэм и гъэсэнхэм. Анэдэлъхубзэм теухуауэ цIыкIухэр усэ къеджащ, утыкум гъэщIэгъуэнуи зыщагъэлъэгъуащ. Апхуэдэу псоми гукъинэж ящыхъуащ адыгэ къэфакIуэ гупым ягъэзэщIа «Мэздэгу адыгэхэм я къафэр», балъкъэр хъыджэбз цIыкIур псы хуэм ес къазым хуэдэу къызыдещIа «Хъыджэбз къафэр», урыс пщащэ цIыкIухэр зыхэта «Изогъэжьэж си нэхур» теплъэгъуэр.

Шэч хэлъкъым: илъэсым и дэтхэнэ зы махуэри анэдэлъхубзэхэм я махуэщ - урипсэлъэни, Iуэху ирипщIэни, щIэныгъэ ирызепхьэни хуейщ. Iэпкълъэпкъ пщыкIутIыр псэм зэрызэригъакIуэм хуэдэу, лъэпкъыр щызыгъэIэр анэдэлъхубзэращи, абы и лъапIэныгъэр сабийхэм я мызакъуэу, нэхъыжьхэми махуэкъэс IуэхухэмкIэ къагурыгъэIуэн икIи зыхегъэщIэн хуейщ. Анэдэлъхубзэм и щытыкIэм лъэпкъым и псэуныгъэр елъытащ, лъэпкъым зыкъызэрыщыхъум щIыналъэм и щыIэныгъэр пыщIащи, сыт хуэдэ бзэми хуэфащэ гулъытэ зэрегъэгъуэтыпхъэр зыми щыгъупщэ хъунукъым. Абы щыгъуэщ зыщыдужьынур, дыщефIэкIуэнур.

**ШУРДЫМ Динэ.**

*Сурэтхэр тезыхар* **Къарей Элинэщ.**

## ЩIы лъабжьэм щIэтщ тенджыз

**США-мрэ Великобританиемрэ я геофизикхэм щIы лъабжьэм тенджыз абрагъуэ щIэту къахутащ. Ауэ ар мыдрейхэм ещхькъым, атIэ псы куэду зыпкърыт брусит, къинэмыщI пкъыща (элемент), щIыгъэбэв зэмылIэужьыгъуэхэу зэхэлъщ.**

ФIЭЩ щIыгъуей телъыджэм щыхьэт техъуэж къэхутэныгъэхэр лабораторэм щрагъэкIуэкIащ, пщтырымрэ давленэмрэ бруситым зэрызрагъэхъуэжыр къапщытэну. КъызэрыщIэкIымкIэ, километр 600-кIэ щIым уеIэбыхмэ щIэлъ бруситым, жьэражьэм хэлъми, зыкIи зихъуэжыркъым, абы пкърыт псыр къыпкърыпхынуи Iэмал щыIэщ. А Iуэхур урыс, нэмыцэ, франджы щIэныгъэлIхэм гъэщIэгъуэн ящыхъури, щIэрыщIэу яджащ. Иджы псори арэзы техъуащ илъэс меларди 2,7-рэ и ныбжьу икIи ЩIы щхьэфэм псыуэ тетым нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэу щIы лъабжьэм псы зэрыщIэтым.

ЩIэныгъэлIхэм я мурадщ а псыр дунейм и щытыкIэм, щIыуэпсым къыщекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм, геологием зэрепха щIыкIэр къахутэну.



**Ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхум щIыуэпсым хущхъуэгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхех. Абыхэм ящыщщ ятIэри. ЯтIэ хущхъуэр лIэужьыгъуэ 700 ирокъу, дэтхэнэми узыфэ зыбжанэ игъэхъужу. Тамбукъан гуэлым къыхах ятIэм нэхъыфI щымыIэу къалъытэ нобэкIэ. Абы щIыIэ узыр Iэпкълъэпкъым хеш, неврологие узыфэ зэмылIэужьыгъуэми я хущхъуэгъуэщ, лыш уз, псориаз, нейродермит, щIыфэ къилъэлъ, целлюлит, фошыгъу уз, гу уз, кIэтIий уз зиIэхэм, зи жьэжьейхэр, шхалъэр, щахэр, чэр къызэузхэм сэбэп яхуохъу. КъыхэгъэщыпхъэщятIэр зэмызэгъ зэрыщымыIэр, аллергие къызэрыхэмыкIыр.**

## Тамбукъан и телъыджагъэр

ГУЭЛ лъабжьэм щIэлъ ятIэ хущхъуэр тонн мелуани 2,5-рэ мэхъу. Ар тхыдэм 1773 гъэ лъандэрэ къыхощыж, 1886 гъэм щыщIэдзауэ медицинэми косметологиеми къыщагъэсэбэп, ауэ ди цIыхухэм пасэрей зэман жыжьэ лъандэрэ зрахьэлIэ. ЯтIэр зэрызэхэлъ микроорганизмхэмрэ минералхэмрэщ и хущхъуагъыр зэлъытэжари.

Гуэлым и кууагъыр ику иту метри 10 мэхъу, икIи ар уэшх, уэс къехымрэ гъэм и зэманымрэ елъытащ. Гуэлым ит псыр тенджызыпсым хуэдэу шыугъэщ.

Тамбукъан ятIэр апхуэдэу сэбэпщ дахагъэмкIэ. Адыгэ бзылъхугъэхэм Тамбукъан ятIэм удзыпс зэмылIэужьыгъуэхэр хакIэжырти, я напэр ирагъэкъабзэу, зыщахуэу щытауэ жаIэж, я щIыфэр, нэкIур хужь, щабэ, дахэ зыщIри арат. КъищынэмыщIауэ, ятIэм уIэгъэр нэхъ псынщIэу егъэкIыж, е иримыгъакIуэу.

Гуэлыр хъурей хэшауэ щытщ, километри 2 и кIыхьагъщ, зы километр и бгъуагъщ, щIы гектари 170-рэ еубыд, зыгъэнщIыр уэшхыпсымрэ ЯтIэкъуэ къыхэжымрэщ. Абы къищынэмыщIауэ, бжьамий йокIуалIэ, псы хущхъуэ къызыщIэж щIыпIитI хуащIащ.

Тамбукъан гуэлым гъэщIэгъуэн куэд хэлъщ - фIыцIэу, хьэлъэу, уигъэшынэу къыпщохъу. Ар къызыхэкIыр и лъабжьэм щIэлъ ятIэ фIыцIэр гуэлым къызэрыхэщращ. А ятIэри абы хуэщIа машинэкIэ къыдрахьейри, гъэтIылъыпIэхэм щахъумэ, узыншагъэм щеIэзэ Iуэхущ IапIэхэм зэбграш, хущхъуэ зыщIхэм ящэхури, зэмылIэужьыгъуэ куэд къыхащIыкI. НобэкIэ Тамбукъан ятIэр нэхъыбэу къыщагъэсэбэпыр ЕсэнтIыгу и курортхэращ. Псалъэм папщIэ, Семашкэ и цIэр зэрихьэу 1914 гъэм къызэIуаха, ятIэкIэ щеIэзэ IуэхущIапIэм хуэдэ Урысейм и закъуэ мыхъуу, Европэ псом щыIэкъым. Зы махуэм къриубыдэу абы цIыху 2500-м щоIэзэф. ЕтIуанэ увыпIэр Пятигорск дэт IуэхущIапIэм еубыд - абы зы махуэм цIыху мини 2-м щоIэзэ. АдэкIэ, Железноводск - цIыху 1500-м.

*«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар* **КЪАНЫКЪУЭ Анфисэщ.**




Къатхъэн ФатIимэ



Iэпэlэсэм ищlа сыхьэт

# Зи Iэщlагъэр дахэ

**Дызэрыщыгъуазэщи, языныкъуэхэм къыхаха Iэщlагъэр лэжьыгъэ яхуохъу, адрейхэм зыхуэlэзэм гу щыльатэр нэхъ кlасэущ. Iэпэlэсагъым дихьэх щыкlуэм къэзыухуреихь дунейр яфlэдахэщ, яфlэгъэщlэгъуэнщ, нэфlэщl-гурыщlэхэр къызэрагъэщlыным хущlокъу, щхьэпэ хъуну къальытэхэр нэхъыбэщ. «Си нэкlэ уезгъэплъащэрэт» жыхуаlэу, гъэщlэгъуэну зэхэлъщ я гъащlэр.**

ЗИ гугъу тщlыну дызыхуей цlыху зэчиифlэхэм ящыщщ Бахъсэн щlыналъэм хыхьэ Къулъкъужьын къуажэм къыщалъхуа Къатхъэн (Азычэ) ФатIимэ Хъусен и пхъур. Абы щlэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтащ, Бахъсэн дэт курыт еджапlэ №3-р къиуха нэужь. И lэщlагъэ нэхъыщхьэр нэхъ иужьыlуэкlащ щызригъэгъуэтар. Абы къиухащ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш академием и финанс-экономикэ факультетыр.

Бахъсэн район администрацэм узыншагъэр хъумэнымкlэ и къудамэм бухгалтер нэхъыжьу щылащ. Унагъуэ ихьа иужь, ар щылэжьащ Цlыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкlэ lуэхутхьэбзэхэр яхуэгъэзэщlэнымкlэ зэзыгъэуlу центрым (КЦСОН).

Сабиищыр игъуэта нэужь, ахэр зыхуей хуигъэзэн папщlэ лэжьапlэм дэмыкlыжыфами, цlыхухэр нэхъ зыщlэупщlэ хьэпшып цlыкlухэу lэпыын, тхьэгъу хуэдэхэр жыг мэзышым (смола) къызэрыхэщlыкlын lэмал къигупсыси, а lуэхум иужь ихьащ.

А хьэпшып цlыкlухэр цlыхухэм я гум дыхьэу, щlэупщlэ щаlэу, ящэху щыхъум, нэхъри гушхуащ икlи къыпищащ lэнэ плlимэ, сыхьэт хуэдэхэр зи гугъу тщlы мэзышым къыхилъхьэкlыныным.

Адэкlэ цlыхубз гуащlафlэм къыжиlакъэм фlыщlыгъэгъуэзэну:

- Сызэрысабийрэ цlыхухъухэм къагъэсэбэп языныкъуэ lэмэпсымэхэм lэрыхуэу срогъэбз. Ауэ а зэманым мыпхуэдэ lуэху зеспщытыну си гум къэкlыртэкъым. Ар хуабжьу дыдейхэми ягъэщlагъуэрт. Зыщlыпlэ зыгуэр хэукlэн, егъэубыдыжын, кlэрыпльхьэн, хэщlыхьын хьуамэ, унагъуэм сэрат щызыщlэр. Пэщщэн сфlэфlти, си псэм дыхьэрт апхуэдэ lуэхухэр. Нэхъапэм ар lэщlагъэ схуэмыхъуами, идэхэ си гум къищтауэ, а lэмэпсымэхэр согъэlэрыхуэ.

Лэжьыгъэщlэр хуабжьу сфlэфlщ икlи сщlы хъэпшыпхэм щlэупщlэ яlэщи, абы си гукъыдэжым нэхъри зрегъэlэт, тхыпхъэ хэслъхьэхэр нэхъыбэу къызэрызыгупсысыным сыхущlокъу. Ахэр къыхызощlыкl мэзышым. А пкъыгъуэр лlэужьыгъуиищу зэщхьэщедз. Япэр «ультро-фиолетовая смола» жыхуаlэращ. А лъэпкъыгъуэм къыхызощlыкl тхьэгъу, lэпльын хуэдэхэр. А хьэпшып цlыкlухэр дакъикъитхум кърибыдзэу мэгъущ. Ауэ «эпоксидная смола» жыхуаlэм къыхэсщlыкl lэнэ плlимэр махуищкlэ гъущу аращ. «Ювелирная смола»-м къыхокl сыхьэт. А мэзыш лъэпкъыгъуэри щыуэ зэщхьэщокl. Япэр пlащlэщ, етlуанэр ику итщ, ещанэр lувщ. Мэзышым хуабжьу ухуэсакъын хуейщ, ар уи lэм лъэбгъэlэс хъункъым, уи нэкlуми нэкlуlупхъэу lулъыпхьэщ, армырамэ уззэихьэнущ, уи нэм нэпсыр къыщlэжу укъигъэнэнущ, уи lэпкlъэпкъыр игъэшхынущ.

Мызэр сщlын щыщlэздзам къызгурыlуащ, а lуэхум хузгъэзэзауэ си щlэныгъэм хэзмыгъахъуэмэ, адэкlэ сызэрыкlын сщымыкlуэтэфынур. Интернет напэкlуэцlхэм ящыщ зым сыщрихьэлlэри, «Онлайн курс» къыщызухащ а lэщlагъэм хузгъэзэзауэ. Абдежым къудам зыщыхуезгъэсащ. Иджы lэрыхуэ сыхуэхъуащи, сщlыну къэзгупсысар фlыуэ къызанэм щlзэмыгъэкlауэ яхуэ сихьэркъым.

Си lэрыкlхэр Интернетым и напэкlуэцlхэм къызолъхьэ, абыхэм къыщlэупщlэхэм яlэрызогъэхьэж.

Псалъэм папщlэ, иджыблагъэ Тыркум щыпсэу адыгэ унагъуэ гуэрым и щlалэ закъуэм и махуэм ирырагъэхьэлlэу зыкъысхуагъэзэри, къызыщlэлъэlуар яхуэсщlри, яхуезгъэшэжащ. Сыхьэтым и кlуэцlым хэсщlыхьащ адыгэ ныпымрэ «Хэкум и зы къуапэ» псалъэхэмрэ тету. Куэдыр щlолъэlу зэгъэхьэзыр хьэпшып цlыкlухэм ди лъэпкъ дамыгъэмрэ ныпымрэ яхухэсщlыхьыну.

Iэпэlэсагъэм теухуауэ республикэм къыщызэрагъэпэщ фестивалхэм Фатlимэ и lэрыкlхэр щегъэлъагъуэ.

- Налшык къалэ дэт Балъкъэр театрым и унафэщl Жулабовэ Мунирэ lэпэlэсэхэм ятеухуа фестиваль Къэрал концерт гъэльэгъуапlэм щригъэкlуэкlыну си ныбжьэгъу цlыхубзым къызыжиlэм, куэдым ягу дыхьауэ къысщыхъу си хьэпшыпхэр абы щызгъэльэгъуэну мурад сщlыри, ар къызэхъулlащ. Мунира си lэдакъэщlэкlхэм яшlэщхэр зэпиплъыха нэужь, сыхьэтыр хуабжьу игу зэрырихьар къызжиlащ, икlи Кулиев Къайсын и сурэтыр хэту хуэсщlыну къызэлъэlуащ. Абы и лъэlур згъэзэщlа нэужь, и лэжьэгъухэм ящыщ хэми сыхьэтыр ягу зэрыдыхьар къызжаlащ, икlи яхуэсщlыну къыщlэзыщlэлъыхьащ. Иджы ахэр адрейхэм я lэрыкlхэм яхэту Ахэр Балъкъэр театрым и блынхэм фlэлъщ.

«Адыгэ псалъэ» газетэр «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэр сытым щыгъуи унагъуэкlэ къытхуэкlуэ щытащ. Ди адэм абы итхэм щыгъуазэ дищlырт. Пщыхьэщхьэм сабийхэр къуажэхьэкlэ, псынщlэрыпсалъэкlэ дызэпригъауэрт. Усэхэм дыкъригъаджэрт, таурыхъэр жыдигъэlэрт.

Си адэр пасэу дунейм ехыжащ. Ауэ, си адэ къуэшыр, балигъ дыхъуами, адэ зиlэм дримыгъэхьуапсэу къыткlэухьщ. Сыт хуэдэ lуэху зэдэлъхуэзэшыпхъум етхьэжьами, къытхуегъэдахэ, къыддиlыгъщ.

Си адэм и псалъафэу щыта псалъэхьэр зэи сигу ихуркъым «Псэм ипэ - напэ», «Уи мыlуэху зепхуэм, уи щхьэм баш къихуэнщ», «Гупсыси псалъэ, зыплъыхьи тlыс», «Бгъуэ егъапщи, зэ пыупщl». Сыту псалъэ пэж ахэр, узыщlигъэгупсысыкlрэ узыпхрилыгъукlыу.

**КЪАНКЪУЛ Раисэ.**

# Ди адэхэм я щlыналъэр

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

**Сурэтыщl гъуазджэхэмкlэ музейм Ткаченкэ Андрей и цlэр зезыхьэм, гъэлъэгъуэныгъэ телъыджэ щокlуэкl. «Ди адэхэм я щlыналъэ» зи фlэщыгъэ зэlущlэм утыку къыщихьащ Урысейм и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм Москва щиlэ и къудамэм хэт Анаев Мурат и Iэдакъэщlэкl сурэтхэр. Жыпlэ хъунущ ар абы и ныбжьыр илъэс щэщlрэ тхурэ щрикъу фокlадэ мазэм ирихьэлlэу къызэригъэпэщауэ.**

ПЭШЫМ узэрыщlыхьэу нэм къыlуидзэр нэхъыбэу лэч гъуабжэлъабжэкlэ лэжьыгъэхэр зэрыщlарщ. Арщхьэкlэ абы иплъагъуэхэм апхуэдизкlэ уи гур ягъэхуабэ, уи псэр дахьэхри, плъэмыкlыу упагъэгуфlыкl, дэтхэнэм и дежи укъыщызэтрагъэувыlэри дакъикъэ бжыгъэкlэ узэтраlыгъэ. Сыт и уасэ гущэр щlэзыупскlэ анэшхуэм и нэгу угъурлыр, хьэмэрэ упщlэ зыгъапцlэ бзылъхугъэхэр зыпэрыт lуэхум зэрыдихьэхыщар? Пхъэщхьэмыщхьэр къызыщхьэпрыщэщ кумбыгъэр зи дамэм тет цlыхубзым и теплъэ дахэр! Жыжьэрыплъэу, лъэпкъ фащэ щыгъыу губгъуэм ит щlалэщlэм и уардагъэр! Щыгъын тlорысэ зыщыгъ цlыхубзым и лэдэххэм псалъэншэу къыбжаlэ къомыр! Куэд мэхъу ахэр, языхэзми зы гурыщlэ щэху гуэр ехъумэ, зы гугъэ къызэрымыкlуэ уегъэщl, зы хуабагъэ-гуапагъэ къыпкърокl... Абыхэм иджы япэу дрихьэлlэу аракъым, ауэ апхуэдизкlэ щlэщыгъуэу, езым зэрилъагъум хуэдэу сурэтыщlым «къыджеlэж».





Къэкlыгъэ зэмылlэужьыгъуэхэм къыщlаху дагъэр къигъэсэбэпурэ сурэт ещl Мурат, жыпlэнурамэ нэхъапэм щыlа лэжьэкlэ жыпхъэращ зытетыр. Авангард гъэлъэгъуэныгъэхэм дыкъыщыщыхута иужькlэ куэдрэ къохъу лэжьыгъэхэр сыту пlэрэ зытеухуар, абыкlэ художникым жиlэну зыхуеяр жытlэу дыщызэупщlыж. Мурат и Iэдакъэщlэкlхэр lупщlщ, аращ къызэрыгуэкlыу щlэтеплъафlэри. Къуршхэм, мывэхэм, псыхэм, удзхэмрэ уэсымрэ, нэгъуэщlхэми блэкlа дахэм, куэд щlауэ цlыхупсэр зыхуэзэша lуэхугъуэхэм ухуашэж, зэрыщыт дыдэм хуэдэу иджы япэу тлъагъуми ярейщ ахэр.

Гъэлъэгъуэныгъэм къигъэуш гурыщlэхэр ебгъапщэ хъунущ бгырыс къуажэ жыжьэ гуэрым ущыlэм. Цlыхухъум и еплъыкlэщ цlыхухъуlэм ищlа лэжьыгъэхэр. Къызэрыгуэкlщ, ауэ гупсысэшхуэ зыщlэлъщ, гъуабжэлъабжэщ, ауэ къапкърыкl гурыщlэкlэ щхъуэкlэплъыкlэщ абы и Iэрыкlхэр.

Зэlущlэм гуапэу къыщыпсэлъахэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкlэ и министрым и къуэдзэ Тау Ритэ, Сурэтыщlхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ къудамэм и унафэщl Къаныкъуэ Жаннэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапlэм и унафэщlым и къуэдзэ Додуевэ Iэсият, «Эльбрусойд» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Анаев Марат сымэ. Абыхэм псоми къыхагъэщащ, и Iэдакъэщlэкlхэм тепщlыхьмэ, къэралым и къалащхьэр псэупlэ хуэхъуами, гукlи псэкlи и адэжь лъапсэм зэрепхар, зэрыжаlэу абы и гъурми и цlынэми зэрыщыгъуазэр, и тхыдэр фlыуэ зэрищlэр, и нэхъыжьхэм я lуэхущlафэр, я дунейр зэрыщымыгъупщар, къызыхэкlа лъэпкъым зэрыхуэфащэр. Мурат и гъэлъэгъуэныгъэ Москва щекlуэкlащ, Художествэхэмкlэ Урысей академиемрэ ди сурэтыщlхэм я щlыналъэ зэгухьэныгъэмрэ илъэс етхуанэ хъуауэ ирагъэкlуэкl зэхьэзэхуэм зыбжанэрэ щытекlуащ. Тхылъ тедзапlэми къыщыдэкl тхылъ зыбжанэ игъэщlэрэщlащи, абы и ныбжьым апхуэдэ зэфlэкl зэриlэр умыгъэщlагъуэу къанэркъым.

Гъэлъэгъуэныгъэр къызэгъэпэщынымкlэ щlэгъэкъуэн хъуа псоми (Сурэтыщl гъуазджэхэмкlэ музейм, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, Сурэтыщlхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ къудамэм я лэжьакlуэхэм), абы кърихьэлlахэми, псалъэ гуапэ къыхужызыlахэми фlыщlэ яхуищlащ езы Мурэт. И лэжьыгъэхэр цlыху нэхъыбэм ялъагъумэ, абыхэмкlэ жиlэну зыхуейр къагурыlуэмэ зэрыгуапэр къыхигъэщащи, гупыж зыщl псори музейм фрагъэблагъэ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# Сабийхэм я гум гуапагъэ иралъхьэ

**Налшык Кулиев Къайсын и цlэр зезыхьэ и уэрамым тет модель библиотекэм щекlуэкlащ КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм траухуа зэlущlэ дахэ.**

КЪРАГЪЭБЛЭГЪАТ библиотекэм екlуалlэ цlыкlухэр. Сабийхэр хэтащ «Любовь на века» зыфlаща мастер-классым. Щlалэ, хъыджэбз цlыкlухэм щlыуэпсым и теплъэр, лъэпкъ дамыгъэхэр, тхыпхъэхэр сурэту ящlащ. Ныбжьыщlэхэм папщlэ къызэрагъэпэщат тхылъ гъэлъэгъуэныгъэ щlэщыгъуи, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я щэнхабзэхэм, хабзэхэм, псэукlэм, тхыдэм теухуауэ.

Школакlуэхэм яфlэфlу сурэт зытрагъэхащ тхылъ дапхъэм деж ягъэува адыгэ фащэ екlухэм бгъэдэту. Узыщыпсэу щlыпlэр, унагъуэр, лъэпкъыр, хабзэр, щэнхабзэр, щlыуэпсыр игъащlэкlэ фlыуэ плъагъун зэрыхуейр цlыкlухэм гурагъэlуащ апхуэдэ щапхъэ дахэкlэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**



# Шынагъуэщ Тэрч къиуар

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и мыгъэрей гъэмахуэ зэхьэзэхуэр и кlэм нэблэгъащ - къэнэжар джэгугъуитlщ. И хьэрхуэрэгъухэр игъэгулэзурэ абы и дыщэ медалхэм лъэ быдэкlэ хуокlуэ «Тэрчыр». Дызыхуэкlуэ щэбэтым кърigъэблэгъэну «Ислъэмейр» къытемыкlуэмэ, ар чемпионщ.**

ЗИ цlэр зэрихьэ Тэрч псыр къыщиуам и деж зэрышынагъуэм хуэдэщ иджыпсту Джылахъстэнейм и футбол командэ нэхъыщхьэр. Тхьэмахуэ ипэкlэ Шэджэм къикlа «Черкес»-м 12:1-уэ зэрытекlуам иджы дыщlигъужащ Щхьэлыкъуэ кlуауэ «7 Вершин-Шалушка»-м 9:0-у зэрефlэкlар. Зи гъуащхьэуэхэр нэхъ хъыжьэ дыдэ (топи 104-рэ я хьэрхуэрэгъухэм худагъэкlащ) икlи зи гъуащхьэхъумэхэм хуэдэ зэхьэзэхуэм хэмыт (12-рэ я гъуэр къыхагъэщlауэ арац) тэрчдэсхэр мы гъэм къэзыгъэувыlэфын щыlэу фlэщщlыгъуейщ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэми бжьыпэр щызыlыгъыр джэгугъуитl зэкlэлъхьэужьым топ щырыщ щыдэзыгъэкlа я пашэ Iэщын Аслъэнщ. Мы гъэм къызэрыхэжаныкlа бжыгъэр абы 26-м нигъэсащ.

«Тэрчым» къыкlэлъеlэ «Логоваз»-м ар къызэринэкlыну lэмал гуэрхэр иlэуи фlэщщlыгъуейщ. Пэжщ, иужь зэlущlэм ар Яныкъуей щыlэу 7:1-уэ текlуащ икlи дыжьын медалхэр и Iэрылъхьэщ. Ауэ къэнэжа джэгугъуитlым джылахъстэнейхэм ящхьэщыкlын папщlэ къызэрымыкlуэ телъыджэлажьэ гуэрхэр къэхъун хуейщ. Къэпщтэмэ, «Тэрчыр» «Ислъэмейм къыхегъащlэри, «Логоваз»-р Алътуд и «Искра»-мрэ Шэджэм и «Черкес»-мрэ ятокlуэ. Фlэщщlыгъуейщ, ауэ мы дунейм къыщымыхъуи щыlэкъым.

Ещанэ увыпlэм иризэныкъуэкъу «Малка»-мрэ «Ислъэмеймрэ» иджыпсту зы очко я зэхуакуу аращ. А тlури джэгугъуэ блэкlам щытекlуащ. Абы щыгъуэми Балъкъ lуфэ щыщхэм ехъулlэныгъэр тынш дыдэу къаlэрыхьами («Псыкуэд-Марвил»-р зэlущlэм къэкlуакъым), ислъэмейдэсхэр Урыху къикlахэм хуабжьу гугъу ирагъэхьащ.

Зэхьэзэхуэм и иужь дыдэ увыпlэр, дауи, «7 Вершин-Шалушка»-м хуэбгынэжынукъым. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм щхьэлыкъуэдэсхэр зэ закъуэ щытекlуауэ арац икlи апхуэдэу гуп нэхъыщхьэм ухагъэтынукъым.

Адэкlэ фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ 2026 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и зи чэзу зэlущlэхэм къарикlуа бжыгъэхэм: «**Малка**» (Малкэ) - «**Псыкуэд-Марвил**» (Псыкуэд) - **3**:**0** (хьэщlэхэр зэрымыкlуам къыхэкlыу), «**Яникой-1961**» (Яныкъуей) - «**Логоваз**» (Бабугент) - **1**:**7**, «**Черкес**» (Шэджэм) - «**Искра**» (Алътуд) - **6**:**2**, «**Бедик**» (Аргудан) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **4**:**8**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Урыху**» (Урыху) - **3**:**2**, «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **0**:**9**.

Къыкlэлъыкlуэ джэгугъуэр дыгъуасэ Аргудан щрагъэжьащ, щlыпlэ «Бедик»-м «Малка»-р иригъэблагъэри. Къищынэмыщlауэ зэlущlэнущ: *фокlадэм и 12-м* - «Тэрч» - «Ислъэмей»; *фокlадэм и 13-м* - «Логоваз» - «Искра», «7 Вершин-Шалушка» - «Черкес», «Урыху» - «Спартак-Д», «Псыкуэд-Марвил» - «Яникой-1961» командэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и гуп нэхъыщхьэм 2026 гъэм гъэмахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекlуэкlыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **«Тэрч»** | **21** | **19** | **1** | **1** | **104-12** | **58** |
| **2.** | **«Логоваз»** | **20** | **17** | **2** | **1** | **70-23** | **53** |
| **3.** | **«Малка»** | **20** | **15** | **0** | **5** | **55-26** | **45** |
| 4. | «Ислъэмей» | 20 | 14 | 2 | 4 | 69-27 | 44 |
| 5. | «Спартак-Д» | 21 | 12 | 1 | 8 | 61-39 | 37 |
| 6. | «Урыху» | 20 | 9 | 2 | 9 | 52-44 | 29 |
| 7. | «Яникой-1961» | 20 | 6 | 2 | 12 | 38-88 | 20 |
| 8. | «Искра» | 20 | 6 | 0 | 14 | 52-69 | 18 |
| 9. | «Черкес» | 20 | 4 | 3 | 13 | 34-80 | 15 |
| 10. | «Псыкуэд-Марвил» | 20 | 4 | 3 | 13 | 42-81 | 15 |
| **11.** | **«Бедик»** | **20** | **4** | **1** | **15** | **33-68** | **13** |
| **12.** | **«7 Вершин-Шалушка»** | **20** | **1** | **3** | **16** | **33-86** | **6** |

## Хъыбарегъащlэ

Пщlэ зыхуэтщl абонентхэ! Унапщlэр фхуэмыту, щlыхуэ къыфтехуамэ, ар зэрыфпшыныжыну пlалъэр яхъуэжын папщlэ, зэгурыlуэныгъэ къыдэфщlылlэ зэрыхъунур фигу къыдогъэкlыж, лъэlу тхылъ къевгъэхьу. Щlыхуэм къытехуа хэхъуэр (пени) къанэ щымыlэу фыпшына нэужь, езы щlыхуэр мази 6 - 10-м трагуэшэнурэ, мазэ къэс етын хуей унапщlэм елъытауэ, lыхьэ-lыхьэурэ фыпшыныж хъунущ. Зэгурыlуэныгъэм тещlыхьауэ, хагъэкlыжыпхъэ унапщlэр зыхуэдизыр къыщыгъэлъэгъуа квитанцэ къыфlэрыхьэнущ. Зэгурыlуэныгъэ къыдэфщlылlэн папщlэ, фи паспортыр фlыгъыу, ди lуэхущlапlэм фыкъекlуэлlэн хуейщ.

Фызыщlэупщlэну псоми я жэуапыр и лъабжьэмкlэ къакlуэ хэщlапlэхэм къыщыфхуэщlэнущ:

*Телефоныр: 8 967 425-15-16*

*Электрон пощтыр: regoperator.07@mail.ru*

*Ди хэщlапlэр: Налшык, Горькэм и цlэр зезыхьэ уэрам, 17А*

# Мэкъумэш классым щохьэщlэ

**«Ерыскъыпхъэмкlэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэгъэпса технологиехэр» лъэпкъ пэхуэщlэм хыхьэ «АПК-м lэщlагъэлlхэр хуэгъэхьэзырын» щlыналъэ пэхуэщlэм ипкъ иткlэ Дзэлыкъуэ щlыналъэм хыхьэ Псынэдахэ къуажэм и курыт еджапlэм мэкъумэш-технологие класс мы гъэм къыщызэlуахащ.**

ИДЖЫБЛАГЪЭ абы щыхьэщlащ УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министрым и къуэдзэ Шевелкинэ Ксение, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министр Сыжажэ Хьэсэн, щlыналъэ администрацэм и тхьэмадэ Дохъушокъуэ Исмэхьил сымэ икlи абыхэм зрагъэлъэгъуащ мэкъумэш классыр, еджакlуэхэр зыхуей-зыхуэфlхэмкlэ: обрудованэхэмкlэ, лабораторэ къэхутэныгъэхэр зэрырагъэкlуэкlыну lэмэпсымэхэмкlэ, нэгъуэщlхэмкlи къызэрызэгъэпэща щlыкlэр.

Шевелкинэ Ксениерэ Сыжажэ Хьэсэнрэ зэlущlэм щыжаlащ, мэкъумэш-промышленнэ комплексыр щlэныгъэ зыбгъэдэлъ lэщlагъэлlхэмкlэ къызэгъэпэщыныр япэ игъэщыпхъэ къалэнхэм зэращыщыр икlи ар зэгъэхъулlа хъуным и зы лъэбакъуэфlу мыпхуэдэ классхэр зэрыщытыр.



Абы къыхэкlыу мэкъумэш классхэр мы гъэм къыщызэlуахащ Бахъсэн, Нарткъалэ, Шэджэм къалэхэм, Бахъсэненок, Псыхъурей, Аргудан, Псынэдахэ, Аушыджэр къуажэхэм. Илъэс ипэкlэ ахэр щаутlыпщащ республикэм и нэгъуэщl школитхуми.

Фигу къэдгъэкlыжынщи, мэкъумэш-технологие классхэм я къалэн нэхъыщхьэр щlэблэр мэкъумэш lэщlагъэхэм дегъэхьэхынырщ, школым къыщыщlадзэу нэхъри хагъэгъуазэурэ мэкъумэш lэнатlэм lэщlагъэлlхэр университетхэм щыхуагъэхьэзырынырщ, а лэжьыгъэм хэтхэм я пщlэр къэlэтыжынырщ.

**БОРИЙ Ратмир.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ (унафэщl-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщl-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщl-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ lуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; хъыбарыщlэхэмрэ спортымкlэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ lэнатlэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер lэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щlэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.114
Заказыр №1941
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаlэта lуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я lуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр lэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Залинэ**, корректорхэу **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*.

*Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ.**

*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым lэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl.